WO’ZBEKSTAN RESPUBLIKASI’ JOQARI’ HA’M WORTA ARNAWLI’
BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI
BERDAQ ATI’NDAG’I’ QARAQALPAQ MA’MLEKETLIK
UNIVERSITETI

QARAQALPAQ FILOLOGIYASI FAKULTETI

Qaraqalpaq filologiyasi’ fakulteti dekani’:___________ f.i.k. Q.Turdi’baev

«_______»_______________2012-j

**5220100- Qaraqalpaq filologiyasi’ Qaraqalpaq tili ha’m a’debiyati’ qa’nigeligi bakalavr bag`dari’ni’n` 4-kurs studenti Nazarova Feruzani’n’ «G’a’rip ashi`q» da’stani` (janrli`q wo’zgeshelikleri, obrazlar du’zimi) degen atamadag’i'**

# PİTKERİW QA’NİGELİK JUMI’SI’

Jaqlawg’a ruxsat berildi

Qaraqalpaq a’debiyati’ tariyxi’ ha’m folklori’ kafedrasi’ basli’g’i'
f.i.k.,doc. J.Ni`zamatdinov

İlimiy basshi’: f.i.d.prof. Q.Ja’rimbetov

_____________________

**No’kis – 2012 j**

**JAQLAWG’A RUXSAT BERILDI:**

Qaraqalpaq filologiyasi’
fakulteti dekani’: f.i.k.,doc. Q.Turdi’baev

Kafedra basli’g’i': f.i.k.,doc. J.Ni`zamatdinov

İlimiy basshi’: f.i.d.prof. Q.Jarimbetov

**Ma’mleketlik Attestatsiya Komissiyasi’ni’n’**

**QARARI’:**

5220100- Qaraqalpaq filologiyasi’ Qaraqalpaq tili ha’m a’debiyati’ qa’nigeligi bakalavr bag`dari’ni’n’ pitkeriwshisi Nazarova Feruzani’n’ «G’a’rip ashi`q» da’stani` (janrli`q wo’zgeshelikleri, obrazlar du’zimi) atamasi’ndag`i' pitkeriw qa’nigelik jumi’si’na

«_________» ball qoyi’lsi’n.

**MAK basli’g’i’:** ___________ ________________________

**MAK wori’nbasari’** _________ _______________________

**MAK ag`zalari’:**__________ ________________________

___________ ________________________

___________ ________________________

___________ ________________________

___________ ________________________

**Tema: «G’a’rip ashi`q» da’stani`**

**(janrli`q wo’zgeshelikleri, obrazlar du’zimi)**

**Joba:**

**Kirisiw**............................................................................................3

**I. BAP. «G’a’rip ashi`q» da’stani`ni` haqqi`nda ilimiy mag’li`wmatlar ha’m woni`n’ janrli`q wo’zgeshelikleri** ...........6

1.1. «G’a’rip ashi`q» da’stani`ni`ni`n’ u’yreniliw tariyxi`nan ..............6

1.2. «G’a’rip ashi`q» da’stani`ni`ni`n’ janrli`q wo’zgesheligi haqqi`nda ............................................................................................16

**II. BAP. «G’a’rip ashi`q» da’stani`ni`ni`n’ obrazlar du’zimi**

2.1. «G’a’rip ashi`q» da’stani`ni`nda unamli` obrazlar du’zimi ........40

2.2. Unamsi`z obrazlar du’zimi .........................................................46

2.3. Basqa da ha’r qi`yli` obrazlar .....................................................49

**Juwmaqlaw** ..........................................................................................52

**Paydalani`lg’an a’debiyatlar** ..............................................................55

# Kirisiw

Xalqi`mi`zdi`n' ruwxi`y mu'lklerinin' biri – bul woni`n' bay folklori` boli`p tabi`ladi`. Woni` aqi`l menen izertlew, u'yreniw talap yetiledi.

Yelimiz g'a'rezsizlikke yeriskennen keyin wo'tmish tariyxi`mi`zdi`, milliy u'rp - a'detlerimizdi qayta tiklep u'yreniwge mu'mkinshilik jarati`li`p ati`rg'an bir payi`tta, tariyxti`n' roli u'lken. Soni`n' ushi`n da Prezidentimiz İ.A. Karimov: «Wo'z tariyxi`n bilmeytug'i`n, keshegi ku'nin umi`tqan millettin' keleshegi joq»[1], - dep wori`nli` atap wo'tken yedi.

A'lbette, xali`q au'wi`zeki do'retpeoeri – *ra'wiyatlarg'a, da'stanlarg'a, yerteklerge, legendaalarg'a, an'i`zlar* ha'm t.b. elementlerge iye. Soni`n' ishinde da'stanlar u'lken wori`n iyeleydi ha'm wolar xalqi`mi`zdi`n' bahali` miyrasi` yesaplanadi`.

Tu'rkiy xali`qlari` arasi`nda liro – epikali`q da'stanlar basqa da qon'si`las xali`qlar arasi`nda taralg'ani` si`yaqli` uzaq waqi`tlardan berli do'relip, ha'zirge shekem saqlani`p kelgen ha'm wol da'stanlar basqalardi`n' turaqli` repertuarlari`na kirgen.

Wolar «G'a'rip ashi`q», «Sayatxan - Hamra», «Ashi`q **Na'jep**» da'stanlari` menen bir qatarda ---------------- «Hu'rliqa - Hamra», «Zuxra - Tayi`r», «Gu'l Sa'newba'r», «La'yli Ma'jnu'n», «Yusup - Zulayxa» h.t.b.

Bul da'stanlar tu'rkiy xali`qlardi`n' milliy u'rp - a'detleri menen suwg'ari`lg'an boli`p, sol xali`qlardi`n' wo'tmishtegi turmi`si`n, ma'deniyati`n, ta'biyat ko'rinislerin, shan'araq qatnasi`qlari`n, din, da'stu'r, u'rp - a'detlerin, ja'miyetlik quri`li`si`n sa'wlelendirip beriwde u'lken rol atqaradi`. Bul da'stanlar folklor menen a'debiyatti`n' a'jayi`p u'lgileri boli`p, wolar a'sirler dawami`nda awi`zdan – awi`zg'a wo'tip, qol jazbag'a

---

[1] Каримов И. «Жоқары мәнәўият – жеңилмес күш»

ko’shirilip, birazlari` kitap boli`p basti`ri`li`p kiyati`r. Wolar xalqi`mi`zdi`n’ ti`n’lasa yaki woqi`sa ruwxi`y azi`g’i` boli`p ketken.

Soni`n’ ishinde «G’a’rip ashi`q» da’stani`ni`n’ janrli`q wo’zgesheliklerin ha’m obrazlar du’zimin u’yreniw, izertlew ha’zirgi ku’nde aktual ma’selelerdin’ biri. Sonli`qtan biz pitkeriwshi qa’nigelik jumi`si`mi`zdi`n’ temasi`n «G’a’rip ashi`q» da’stani` (janrli`q wo’zgeshelikleri, obrazlar du’zimi) dep aldi`q. Bul jumi`si`mi`zda da’stanni`n’ genezisin u’yreniw, izertleniw tariyxi`n, syujetlerin, obrazlar sistemalari`n ken’ **tarqi`** qi`li`wdi` maqset yettik.

«G’a’rip ashi`q» da’stani` qaraqalpaq xalqi` arasi`nda awi`zsha ha’m kitabi`y a’debiyat, yag’ni`y qoljazba, ko’shirme tu’rinde tarali`p keldi. Wolardi`n’ ken’ wo’ris ali`wi`nda basqa tuwi`sqan xali`qlardi`n’ da tillik wo’zgesheligi milliy ma’deniyati`, a’debiyati`ndag’i` ko’rkemlik da’stu’rleri menen diniy ayi`rmashi`li`qlari` hesh qanday irkinish yetpesten, usi`nday yaki ha’r qi`yli` basqa atamalarda ko’p g’ana shegaralardi` atlap wo’tip, u’lken territoriyali`q arali`qta jasap keldi. Soni`n’ menen birge bul da’stanni`n’ tu’rkiy xali`qlari`ndag’i` ha’r qi`yli` versiyalari`ni`n’ geypara syujetlik liniyalari`ni`n’ uqsasli`g’i` menen motivlerdin’ uli`wmali`g’i`na qaramastan specifikali`q ayi`rmashi`li`g’i` jag’i`nan ha’r qaysi`si` wo’z aldi`na original do’retpe boli`p tabi`ladi`. Bul versiyalardag’i` ha’r bir xali`qti`n’ poetikali`q do’retpesindegi milliy da’stu’rlerin belgileytug’i`n wo’zine ta’n poetikali`q ha’m stillik sistema woni`n’ wo’z aldi`na toli`q bir pu’tin do’retpe yekenligin da’lilleydi.

Biz wo’zimizdin’ pitkeriw qa’nigelik jumi`si`mi`zdi`kirisiw ha’m juwmaqti` yesaplamag’anda u’lken yeki bapqa bo’lip qarawdi` maqul ko’rdik. Birinshi bap – «G’a’rip ashi`q da’stani` haqqi`nda ilimiy mag’li`wmatlar ha’m woni`n’ janrli`q wo’zgeshelikleri» dep atali`p, bunda «G’a’rip ashi`q» da’stani` haqqi`nda ilimiy mag’li`wmatlar, izertleniw

tariyxi` ha’m woni`n’ janrli`q wo’zgeshelikleri so’z yetiledi. Al, yekinshi bap - «G’a’rip ashi`q da’stani`ni`n’ obrazlar du’zimi» dep ataladi`. Biz bul bapta «G’a’rip ashi`q» da’stani`nda unamli` ha’m unamsi`z obrazlar du’zimin ha’m basqi`a da ha’r qi`yli` obrazlar du’zimin so’z yetemiz.

Pitkeriwshi qa’nigeklik jumi`sti`n’ «Juwmaqlaw» bo’liminde ilimiy izertlew miynetimizden ali`ng’an na’tiyjeler, teoriyali`q pikirler, juwmaqlar ha’m son’i`nan jumi`sti` islew bari`si`nda paydalani`lg’an a’debiyatlar dizimi beriledi.

# I BAP. «G’A’RİP AShIQ» DA’STANINI HAQQINDA İLİMİY MAG’LIWMATLAR HA’M WONIN’ JANRLIQ Wo’ZGEShELİGİ

## 1.1. «G’a’rip ashi`q» da’stani`ni`ni`n’ u’yreniliw tariyxi`nan

Xalqi`mi`zdi`n’ uzaq da’wirler dawami`nda basi`nan keshiirgen turmi`si`, wolardi`n’ arzi`w - a’rmanlari`, du’nyag’a ko’z – qaraslari`, keleshekke u’mitleri folklorli`q shi`g’armalarda belgili wori`n iyelep kelmekte. Sebebi, folklor – wo’tmish sa’wlesi ha’m xabarshi`si`, wol tilde ayi`li`w menen a’wladtan - a’wladqa wo’tip, a’meliy bilimnin’ akkumlyatori` boli`p xi`zmet yetken. Bir so’z benen aytqanda «Xali`q wo’z-ara bir – biri mnene siyasi`y ekonomikali`q ha’m ma’deniy tarawlarda qatnas qatnas jasay baslag’an yeski zamanlardan – aq wolar bir – biri menen ma’deniy bayli`qlari`n wo’zlestirip, bir – birinen u’lgi ali`p u’yrene baslag’an»[2]. Na’tiyjede ha’r bir xali`q do’retiwshiligi a’sirler dawami`nda qa’liplesip, bayi`p, jan’alani`p bizin’ ku’nlerimizge jetip kelgen. Sol xali`q awi`z yeki do’retpelerinin’ bir tarawi`n da’stanlar quraydi`. Sebebi, «da’stan» (parsi` so’zi) ku’nshi`g’i`s xali`qlari`ni`n’ poziciyasi`nda u’lken ko’lemdegi epikali`q shi`g’arma[3].

Ha’zirgi ku’nde folkloristika ilimi da’standi` epikali`q janr retinde u’yrenbekte. Ko’pshilik xali`qlarda bul «epos», «ji`r» degen terminler menen ataladi`. Bul do’retpeler ji`raw baqsi`lar ta’repinen atqari`li`p, xali`q ruwxi`na ku’sh – quwat bag’i`shlag’an. Bunday shi`g’armalar qatari`nda muhabbat temasi`nda quri`lg’an «G’a’rip ashi`q», «Sayatxan - Hamra», «Ashi`q **Na’jep**», «Hu’rliqa - Hamra», «Yusup - Zulayxa», «Gu’l Sa’newba’r» ha’m tag’i` basqa da da’stanlardi` atap wo’tiwge boladi`. Bul da’stanlarg’a soni`n’ ishinde «G’a’rip ashi`q» da’stani` haqqi`nda a’zerbayjan, wo’zbek, tu’rkmen,

---

[2] Сагитов И. «Әдебият ҳәм дәўир» Нөкис. «Қарақалпақстан», 1988, 112-бет.

[3] Ахметов С, Баҳадирова Фольклордың терминлердиң қысқаша сөзлиги, Нөкис, «Қарақалпақстан», 1992, 26-27-бетлер.

qaraqalpaq ilimpazlari` ta'repinen ilimiy miynetler, maqalalar, monografiyalar jazi`li`p bahali` pikirler bildirilgen.

Soni`n' menen birgelikte, rus ilimpazlari`ni`n' da miynetleri ayi`ri`qsha. Sebebi, wolar birinshilerden boli`p Worta Aziya xali`qlari` arasi`nda bir neshe a'debiy yesteliklerdi ji`ynag'an, baspadan shi`g'arg'an. Wolardi`n' miynetlerinde an'i`z, ra'wiyatlar, legendalar keltirilgen. Sol ra'wiyat, an'i`z, legendalar milliy ma'deniy miyrasi`mi`zdi` ani`qlawg'a u'lken ta'sirin tiygizgen. Ma'selen, prof. S.P. tolstov «Yeski Xorezm ma'deniyati`ni`n' izi menen» atli` miynetinde «G'a'rip ashi`q» da'stani`n A'zerbayjandag'i` ------------ -----------------, Turkiyada Diyarba'kir qalalari`ni`n' ushi`rasi`wi` menen Shasa'nemnin' gezlesetug'i`n waqi`tlari`n na'zerde tuti`p, da'standi` sol a'tirapti` XII-XIII-XIV a'sirlerde do'regen degen juwmaqqa kelip, bi`lay dep jazdi`: «Belgili bolg'ani`nday – aq, romanni`n' waqi`yasi` seljuklar imperiyasi`ni`n' son'g'i` da'wirlerinde boli`p wo'tedi»[4] dese, belgili rus sayaxatshi`si` general N.N. Muravev Worta Aziyag'a jasag'an sayaxati` tuwrali` miynetinde usi` «Shah Sa'nem» qalasi` ha'm «Ashi`q G'a'rip» tuwrali` ayti`li`p ju'rgen an'i`zdi` keltiredi. Wol an'i`zdi`n' mazmuni` to'mendegishe: «Shahsa'nem» bir bay aqsu'yek adamni`n' go'zzal qi`zi` boladi`. Woni` wo'zinin' baqsi`shi`li`q ha'm shayi`rli`q wo'neri menen dan'qi` shi`qqan jas G'a'rip su'yip qaladi`. Xosh xawaz sazende jigit duwtari`n xesh kimge tiygizbey saqlap qoyi`w ushi`n g'arri` anasi`na qaldi`ri`p wo'zi talap izlep uzaq jolg'a atlanadi`. Ko'p jerlerdi gezip ada bolmas mashaqatlardi` jaqsi` adamlar ja'rdeminde jen'ip aqi`ri`nda jeti ji`l ayrali`qtan son' ju'regi toli` muxabbat, sheksiz quwani`sh penen watani`na qayti`p keledi. Usi` ji`llar ishinde anasi` balasi`n qayg'i`ra berip yeki ko'zi ko'r boli`p qalg'an boladi`. Shabbaz G'a'rip kelmesinen u'sh ku'n buri`n Sa'nemnin' razi`li`g'i`na qaramay, qon'si` awi`ldag'i` bir bayg'a

---

[4] Толстов С.П. По следам древнохорезмской цивилизаций. Изд АНССР, Москва, 1948, стр. 23-27.

atasti`rg'an boladi`. Baxi`tsi`z G'a'rip u'yinen duwtari`n ali`p Sa'nemnin' toyi`na keledi. Jeti ji`ldi`n' ishinde sonsha wo'zgerip ketgen G'a'ripti toydag'i` adamlardi`n' hesh qaysi`si` tani`maydi`. Wol qoli`na duwtari`n ali`p, jeti ji`l ayrali`q shekken japasi`n, bastan keshirgen azapli` waqi`yalari` menen Sa'nemge bolg'an hadal muhabbati`n bir-bir bayan yetedi. Bug'an rehimi kelgen xali`q Sa'nemdi G'a'ripke beriwge razi`shi`li`q beredi.[5]. Bul mazmun «G'a'rip ashi`q» da'stani`ni`n' turkmenshe ha'm qaraqalpaqsha versiyalari`ni`n' ha'zirgi mazmuni`na wonshama tuwri` kelmeydi. Biraq ja'miyettin', da'wirdin' wo'zgeriwi da'standi` atqari`wshi`lar arqali` xali`q da'stanlari`nda wo'zgeristin' payda boli`wi` ta'biyiy. Usi` ta'repten qarasaq N.N.Nurovev su'wretlegendey boli`p ha'zirgi mazmuni` keyingi da'wirdin' jen'isi bolg'an boli`wi` mu'mkin. 1837-ji`li` N.Yu.Lermontov[6] Gruziyag'a barg'an waqi`tta Azerbayjan ati`ni`n' povesti «Ashi`q-Kerib» ti birinshi ret jazi`p aladi`. Woni`n' mazmuni` to'mendegishe: Tifliste (Tbilisi) bir bay sawdagerdin' qi`zi` Magul Negeri suli`w degen boladi`. Usi` qalada ka'mbag'al sazende Kerib degen bala da jasaydi`. Kerib baqsi`shi`li`q yetip ju'rip Magul Negerini ko'rip qaladi`. Bular bir-birin ko'riwden – aq su'yip qaladi`. Qi`zdi`n' a'kesi Keribten ko'p qali`n' mal soraydi`. Kerib mal tabi`w ushi`n jeti ji`l ma'wlet ali`p, shet yelge ketedi. Wog'an Hurshidbek degen dosti` joldas boladi`. Keribtin' wo'zi suwg'a ketip ko'ylegi tu'sip qaladi`. Woni` Hurshidbek «Kerib wo'ldi» dep anasi`na a'kelip beredi. Kerib ataqli` baqsi` boli`p toydan toyg'a gezip jurip qosi`q ayti`p ati` hawazi` Ha'lep jurti`na jayi`ladi` ha'm sawdagershilik yetip mal ji`ynaydi`. Mu'ddetli waqi`t jaqi`nlag'anda Keribten gu'derdi u'zip a'kesi qi`zi`n Hurshidke bermekshi boli`p toy baslaydi`. Magul-Negeri bir sawdagerden alti`n kesa berip u'sh ku'n qalg'ani`n yeskert deydi. Kerib u'sh degende Qi`zi`l İles babasi`ni`n' ati`na minip jetisedi. Buni` ko'rip qi`z ko'pshilikten wo'zin Keribke taslaydi`.

[5] Муравьев, Путешество в туркменнию и Хиву Москва 1922 стр 151-153
[6] Лерментов. М.Ю Сборник согинений IV том Москва 1950 стр 195-207

Hurshidbektin’ ag’alari` bulardi` ko’rip wo’ltirmekshi boli`p umti`lg’anda wolardi` xali`q toqtatadi`. Hurshidbek Keribtin’ qari`ndasi`na uylenedi. Anasi`ni`n’ ko’zine Qi`zi`r İles babasi`ni`n’ ati`ni`n’ tuyag’i`ni`n’ asti`ndag’i` topraqti` surtip ko’zin ashadi`. Waqi`ya yeki toy menen juwmaqlanadi`. Mine, bul mazmun ha’zirgi «G’a’rip ashi`q» da’stani`ni`n’ tu’rkmenshe ha’m qaraqalpaqsha versiyalari`na jaqi`n mazmung’a iye. A’sirese, bul wori`nda Hurshidbek Keribtin’ qari`ndasi`na u’yleniwi menen qaraqalpaq versiyadag’i` shahwa’let G’a’riptin’ qari`ndasi`na u’yleniwi ju’da’ uqsas yekenligin ayti`p wo’tiw kerek. Buni` ali`m  A. Alimov ta tasti`yqlaydi`. Akademik V.V. Rodlov jazi`p alg’an «Ashi`q Kerib» tu’rkmenleri dnp atalg’an versiyasi` bastan ayaq qosi`q penen jazi`lg’an ha’m tili de ju’da’ a’piwayi` xali`qti`n’ so’ylew tilinde quri`lg’an[7]. Mine, usi`nday materiallarg’a su’yenip da’stanni`n’ bolg’an worayi` haqqi`nda ilimpazlardi`n’ ha’r qi`yli` pikirlerine duslasami`z. Bug’an mi`sal yetip «Ashi`q G’a’rip» tuwrali` basqa milliy versiyalari` menen sali`sti`rmali` planda ju’da’ bahali` monografiya jazg’an A’zerbayjan folkloristi S. Yakubovani` ko’rsetiwge boladi`. Bul folkloristin’ miynetinde[8] «G’a’rip ashi`q» da’stani`ni`n’ milliy versiyalari` haqqi`nda, wolardi`n’ wo’zgesheligi ha’m jaqi`nli`qlari` tuwrali`  da’stanni`n’ syujet, kompoziciyasi`, ideyasi`, ko’rkemlik wo’zgeshelikleri jo’ninde payda boli`w da’rekleri tuwrali` bahali` pikirler bildirgen. Wol da’standag’i` waqi`yalar XVI-XVII a’sirlerde Kavkaz ha’m Kishi Aziya Safiyvalar sulolasi` da’wirinde maydang’a kirgen dep ko’rsetedi.

«G’a’rip ashi`q» da’stani`ni`n’ tu’rkmenshe Versiyasi`n ko’p izertlegen ko’rnekli ilimpaz Xali`q Gu’seynovich Korogli`, A’zerbayjanli` prof. M.G. Toxmasib, M.V. Lermontov jazi`p alg’an «Ashi`q Kerip» ti izertlewshi ilimpaz S.A. Andreev Krivichlar «G’a’rip ashi`q» da’stani`ni`n’ Xorezmde,

---

[7] Алимов А. Қарақалпақ лиро – эпикалық дәстанлары. «Қарақалпақстан». Нөкис. 1983, 120-бет.
[8] Якупов С. Азербайжанское народные сказание, «Ашық Керип», Баку «АНАЗ»  1968.

Si`rda’ryani`n’ to’mengi ag’i`mi`nda oguzlar gruppasi`nda do’retilip, keytsinirek Kavkaz ha’m Kishi Aziyag’a wo’tken degen pikirdi aytadi`.

Akademik V.M. Jirmunskiy ha’m prof. X.T. Zaripovlar «G’a’rip ashi`q» ti` oguzlardi`n’ kitabi` «Da’den Qorqi`t» da’stani`nan keyin Si`rda’rya a’tirapi`nda do’regen, soni`n’ dawami`nday yaki sog’an uqsas da’stan dep ko’rsetedi. Bul jag’daylardi`n’ ba’ri de da’stanni`n’ ku’ta’ yerte zamanlardan – aq do’relip, XVI a’sirde qa’liplesip, xalqi`mi`z arasi`nda tarala baslag’ani`nan derek beredi[9] degen juwmaqqa keledi. Al, belgili tu’rkmen folkloristi X. Korogli «G’a’rip ashi`q» da’stani`n ko’p ji`llardan berli u’yrenip ju’rgen ilimpazlardi`n’ biri. Wol 1991-ji`li` shi`qqan miynetinde da’standag’i` Shaabbas patsha ha’m Shoveletti tariyxta real bolg’ani`n belgileydi. Ma’selen, «Shasa’nem ha’m G’a’rip» da’stani`ni`n’ biri Shaabbas (Shah Abbas) usi` dinastiyani`n’ (sefevidler) hu’kimdari`, tariyxi`y shaxs. Da’standa ja’ne bir tariyxi`y shaxs ha’reket yetedi: bas qaharmanni`n’ qarsi`lasi` Shaxwa’let. Tariyxi`y mag’li`wmatlarg’a qarag’anda wol tu’rkmenlerdin’ Sefevidlerden jen’ilgen Ak – Goyunli` dinastiyasi`ni`n’ la’shker basi`lari`ni`n’ biri bolg’an[10]....... dese, akademik H. Xamidov[11] da’stanni`n’ payda boli`wi` haqqi`nda toqtali`p, wol arab shi`g’i`si` menen baylani`sli` yekenin woni`n’ «G’a’rip – Shasa’nem» degen atamasi`ni`n’ wo’zi ko’rsetip turi`pti`, deydi. Sebebi, «G’a’rip» so’zi shi`g’i`s arab tilinen wol – «jat, belgisiz, shetten, basqa yelden kelgen adam» degen ma’nisti bildiredi[12]. Al, «Shasa’nem» so’zi yeki komponentten ibarat boli`p, woni`n’ birinshisi «shah» so’zi parsi` tilinde «xan» ma’nisin bildirse, yekinshi komponenti «sa’nem» arab so’zi boli`p, wol «qudaydi` su’yedi,

---

[9] Алимов А. Қарақалпақ лиро – эпикалық дәстанлары. Нөкис. «Қарақалпақстан», 1983, 120-бет.

[10] Короглы Х, Шасәнем и Герип, Касым оглан и другие туркменские народные повести. Москва, 1991, 13-бет.

[11] Хамидов Ҳ. Шығыс тиллердеги жазба дереклер ҳәм XIX әсирдеги қарақалпақ шайырлары. Нөкис, «Билим», 1991, 102-бет.

[12] Арабско – русский словарь. Х.К. Боранов. Москва, 1958. стр-717.

qudayg'a megzes suli`w, go'zzal» degendi bildiredi[13] deydi ha'm pikirin juwmaqlap da'stanni`n' do'reliwinde arab parsi` a'debiyati`ni`n' geybir faktleri tu'rkiy xali`qlari`ni`n' a'debiy do'retiwshilik do'geregine tu'sip wo'zinin' rawajlani`wi`n ha'm qa'liplesiwin tapqan[14]. Bul ani`qlamani` yesapqa ali`p qarasaq, «Shasynem – G'a'rip» haqqi`nda syujettin' yerte da'wirlerde yag'ni`y arab – parsi` a'debiyati`ni`n' na'zerine tu'skenliginen derek berse, al professor M. Kosaev to'mendegishe mag'li`wmat beredi:

Ata Raxmanovti`n' ji`ynag'an mag'li`wmatlari`na qarag'anda chovdurlar arasi`nda:

«Shasa'nem – Gari`p»

«Aysa'nem - Gari`p»

«Baysa'nem - Gari`p»

«Xelalay - Gari`p»

«Xondan qi`z» (Xandan peri)

«Uzi`k gi`z» (Uz peri)

Usi`lardan «Shasa'nem - Gari`p», «Aysa'nem - Gari`p», «Xelalay - Gari`p» da'stanlari`ni`n' kitabi`y nusqalari` tabi`ldi`, qalg'anlari` bolsa tek g'ana basqalar ta'repinen atqari`li`p ju'r[15]. Sonli`qtan da'stanni`n' payda bolg'an territoriyasi` «Shasa'nem – G'a'rip», «Aysa'nem – G'a'rip», «Xelalay – G'a'rip» variantlari`nda ko'rsetilgen el – jurt atamalari`ni`n' dizimi A. Raxmanov[16] ha'zirgi Tu'rkmenstan Respublikasi`ni`n' Tashhawi`z (ha'zirgi ati` Dashoguz) oblasti`ni`n' territoriyasi` menen baylani`sli` dep ko'rsetedi.

«G'a'rip ashi`q» da'stani`ni`n' qaraqalpaqsha versiyasi` qaraqalpaq folkloristleri woni`n' payda boli`w dereklerin an'i`z, ra'wiyatlarg'a tiykarlani`p Shaabbas (Beruniy) qalasi`, «G'a'rip ashi`q» da'stani`ni`n'

---

[13] Сонда 565-бет.
[14] Хамидов Ҳ. Жоқарыда аты көрсетилген мийнетинде, 102-бет.
[15] Косаев М. Әдебият бадада сөҳбет. Ашгабат, 20-бет.
[16] Рахманов А. Түкменстан халық магарыфы. 1991-й. № 4, 69-74-бет.

do’reliwinde bunnan ti`sqari` qaraqalpaqlardi`n’ bir bo’legi jaylag’an jer Si`rda’ryani`n’ to’mengi ag’i`si`ndag’i` Jand qalasi`ni`n’ XI a’sirdegi ha’kimi (Pu’tkil Xorezmdi jawlap alg’an) Shah Malik İbn Aliydin’ tapsi`rmasi` boyi`nsha ji`ynati`lg’an an’i`zlardi`n’ biri, shaqabi` delingen pikirler de bar[17]. Biz «G’a’rip ashi`q» da’stani`ni`n’ syujetinin’ payda boli`w da’rekleri haqqi`ndag’i` pikirlerdi, ko’z – qaraslardi` u’yrenip shi`qti`q. Belgili wo’zbek ilimpazi` Da’min Turaev wo’zinin’ «Tuwi`sqan xali`qlar da’stanlari`ndag’i` bazi` uqsas detallar» atli` maqalasi`na da’stanlardi`n’ wo’zgesheligi menen baylani`sli` jo’ninde ayta kelip, to’mendegi juwmaqqa keledi.

«Ashi`q – G’a’rip ha’m Shasa’nem» da’stani`ni`n’ jarati`li`w worni` haqqi`nda tu’rli ko’z qaraslar, pikirler boli`wi`na ha’m de zamanlar wo’tiwi menen wo’zbek, tu’rkmen, variantlari` menen a’zerbayjan, tu’rk variantlari` arasi`nda u’lken parqlar ju’zege kelgen boli`wi`na qaramay, bul variantlardi`n’ negizgi na’tiyjesi bir tami`rg’a bari`p taqali`wi`, baylani`satug’i`ni` ma’lim[18]. Mine, sol aytqani`nday xali`qti`n’ wo’zinshelik da’stu’ri, psixologiyasi` jasaw sharayati` qanshelli sin’gen bolsa da , barli`q versiyalardi`n’ yele xali`qlardi`n’ bo’linbey turg’an da’wirinde do’relip, bir tu’birden taralg’anli`g’i`n haqi`yqati`nda teren’irek u’n’ilgen sayi`n avyqi`nlasi`p woti`radi`. Solay yetip, «G’a’rip ashi`q» da’stani`ni`n’ syujeti Worta Aziyada, Kavkaz yellerinde, Tu’rkiyada ha’m basqa da tu’rkiy tilles xali`qlar arasi`nda ken’nen taralg’an. A’sirese, a’zerbayjan, tu’rkmen, wo’zbek, qaraqalpaq xali`qlari` milliy a’debiy miyrasi` retinde qa’dirleydi ha’m ha’r bir xali`q da’stan variantlari`na, milliy versiyalari`na iye. Wol versiyalar original do’retpe boli`p yesaplanadi`.

Da’stan A’zerbayjanlarda «Ashi`q Kerip», tu’rkmenlerde «Shasa’nem - Gari`p», wo’zbeklerde «Woshiq G’arib va Shohsanam», qaraqalpaq

[17] Алимов А. Қарақалпақ лиро – эпикалық дәстанлары. Нөкис. «Қарақалпақстан» 1983, 119-бет.
[18] Тураев Дәмин, Қардош халқлар достонларидаги ўхшаш деталлар, ўзбек тили ва адабиёти, 1974, № 3, 58-59-бетлер.

xali`qlari`nda «G’a’rip ashi`q» degen atamalar menen belgili. Bunda ha’r bir xali`qti`n’ tilinin’ fonetikali`q wo’zgesheligi demesen’ bul, atamalardi`n’ barli`g’i` da bir ma’nistegi atamalar. Biraq, da’stanni`n’ qaraqalpaqsha ha’m tu’rkmenshe versiyalari`n teoriyali`q ta’repten sali`sti`ri`p u’yrengende woni`n’ syujetinde, kompoziciyasi`nda ha’m obrazdlar sistemasi`nda uqsasli`q ha’m ayi`rmashi`li`qlar bar. Wolardi`n’ payda boli`wi` ha’r bir xali`q atqari`wshi`lari` wo’zlerinin’ milliy tradiciyasi`na sa’ykes yetip bayanlawi`na baylani`sli` ju’zege shi`qqan. Da’standa su’wretlengen ha’r xali`qti`n’ u’rp - a’detleri, taralg’an geografiyali`q worni`ni`n’ jaqi`nli`g’i`, tariyxi`y waqi`yalardi`n’ so’z yetiliwi menen ayri`li`p turadi`. «G’a’rip ashi`q» da’stani`nda waqi`yalar belgili bir xali`qti`n’ tariyxi`y waqi`yalari`n bildirse de, tek sol da’wirdin’ jemisi boli`p qalmastan, ha’r da’wirge jan’alani`p, wo’zgeriwleri ta’jip yemes. Sebebi da’stan usi` ku’nge shekem jan’alani`p, bayi`p kelgenligi belgili. Bug’an sebep xali`qti`n’ woy – pikirlerinin’ rawajlani`wi` na’tiyjesinde, tariyxi`y wo’zgerisler ta’sir yetken.

Liro – epikali`q da’stanlardi` ko’p waqi`tlardan berli izertlep ju’rgen belgili ilimpaz A’sen Ali`movti`n’ 1983 – ji`li` qaraqalpaq liro – epikali`q da’stanlari` haqqi`nda arnawli` kitabi` baspadan shi`qti`. Bul qaraqalpaq xalqi`ni`n’ liro – epikali`q da’stan versiyalari` haqqi`nda jazi`lg’an da’slepki ko’lemli miynet yesaplani`p, bunda liro – epikali`q da’stanlardi`n’ wo’zgesheligi, tarali`wi`, ko’rinis ha’m atqari`li`w sheberligi so’z yetiliw menen birge liro – epikali`q da’stanlardi`n’ tradiciyasi`na da kewil bo’ledi. Sonday – aq, ilimpaz «Huliha – Ha’mra», «Yusup – Zliyha», «Farxad – Shiyrin», «Sayatxan – Xamra», «Ashi`q Na’jep», «G’a’rip ashi`q» da’stani`ni`n’ qaraqalpaqsha versiyasi`ni`n’ genezisi ha’m qolda bar variantlari` tuwrali` toqtap bi`lay deydi: «Da’stanni`n’ ha’zirgi qolda bar nusqasi` 9 nusqasi` 1960 – ji`li` «Qaraqalpaqstan» baspasi` ta’repinen basi`p shi`qqan nusqasi` woni`n’ wo’z betinshe variantalri` menen

jetiskenliginen derek beredi. Wolardan 8 nusqasi` Wo’zbekstan İlimler Akademiyasi` Qaraqalpaqstan filiali`ni`n’ kitapxana fondi`nda saqlanadi`»[19]. Bulardan ti`sqari` baqsi`lar da yel arasi`nda ayti`p ju’rgen da’stani`ni`n’ yele de 10 lag’an nusqalari`ni`n’ jasap kiyati`rg’anli`g’i` ani`qlandi`. Kitapxanadag’i` nusqalardi`n’ yen’ ko’lemlilerinen ataqli` baqsi` ha’m kompozitor Japaq Shamuratovtan jazi`p ali`ng’an varianti` informator Qayi`pnazar Abutov ta’repinen tapsi`ri`lg’an nusqasi` 214 bet. Joldas Babaniyazov varianti` 300 bet. A’. Tarikov varianti` 85 bet ha’m S. Ma’dentov varianti` 30 bet t.b. İnformatorlardi`n’ tapsi`rg’an nusqalari` di`qqatqa i`layi`q.

Son’g’i` waqi`tlarda joqari`da ayti`lg’an 9-nusqasi` menen tani`si`p shi`g’i`wg’a miyasar boldi`q. Bul varianttі`n’ atqari`wshi` ha’m qayta islewshi avtori` belgili shayi`r, qi`ssaxan Ma’wdit Bekmuhammed uli` Qazi` ma’wlik, woni`n’ balasi` Abdulla İbadullaev Ma’wdit uli` da’standi` muhiyatlap saqlap keledi. Bul variant basqa nusqalarg’a qarag’anda ko’lemi jag’i`nan bolsi`n, mazmuni` menenko’rkemligi jag’i`nan bolsi`n arti`qmashi`li`qqa iye. Ko’lemi qoljazba menen 650 bet[20]. Bul miynettin’ ja’ne bir qunli` trepi A. Alimov da’stani`ni`n’ Ma’wdit varianti` menen basqa variantlari`n sali`sti`ri`p u’yrenip shi`qqan ha’m ayi`rmashi`li`g’i`n belgileydi, kompoziciyali`q sapasi`n bahalaydi`. Ma’selen, wol: Ma’wdit wo’z varianti`nda, mine, usi` basqa variantlari`nda da az ushi`raytug’i`n «Helalay Peri», «Aysa’nem» shaqaplari`n kirgizgen. Bul jag’i`nan da «Ma’wdit» varianti` basqalari`nan ayri`li`p turadi`. Shayi`r bul shaqaplardi`n’ mazmuni`ni`a, ayi`li`w worni`na qaray joqari` sheberlik penen jayg’asi`ti`rwg’a ha’reket yetken. Jan’a shaqaplarpdi`n’ kiriwi menen waqi`yalar bo’leklenip ha’r qaysi`si` wo’z aldi`na ma’ni berip turmaydi`.

[19] ӨзИАҚҚ ның филиалының қолжазбалар фонды: Р. 164-бет. инф 33705, Р. 164 инв, 480-61 Р. 164 инв 37401 тб.
[20] Алимов Ә. «Қарақалпақ лиро – эпикалық дәстанлары». Нөкис. «Қарақалпақстан» 1983, 124-бет.

Da’stanni`n’ tiykarg’i` qaharmanlari`nan biri bolg’an Shahsa’nem – Helalaydi`n’ tilinde de, Aysanemnin’ tilinde de refrizaday ayti`li`p, wo’zi barday yeslenip ju’redi. Bunnan ti`sqari` Ma’wdit varianti`nda waqi`yani` ken’ tu’rde mazmunli` ha’m ko’rkem yetip su’wretlewge mehrin to’kken[21].

Al, «Qaraqalpaqstan» baspasi` 1960-ji`li` X. Ta’jimuratovti`n’ tayarlawi`nda birinshi ret «G’a’rip ashi`q» da’stani`ni`n’ qaraqalpaqsha varianti` baspadan shi`qti`. X. Ta’jimuratov ayti`wi`nsha baspag’a tayarlang’an bul da’stan 1930-1934-ji`llari` Qaraqalpaqstanni`n’ ataqli` baqsi`lari` Yesjan Qospolatovtan, Qudaybergen baqsi`dan jazi`p ali`ng’an. Soni`n’ menen birge Baltabay qi`ssaxan degen kisinin’ materiallari`nan paydalani`lg’an[22]. Da’stanni`n’ uli`wma xali`qli`g’i`, tarali`wi`, ko’rkemlilik bahasi` haqqi`nda T. Seytjanov ha’m A. Karimovlar ta’repinen qi`sqasha kiris so’z jazi`lg’an. Arnawli` tu’rde bul haqqi`nda professor Q. Maqsetov[23] maqala ja’riyalap da’stang’a xarakteristika berdi. Al, akademik X. Xamidov bolsa baspadan shi`qqan bul variantti`n’ geypara kemshilikleri haqqi`nda pikir usi`ni`slardi` bildiredi. Qaraqalpaqsha versiyasi`n keyingi ret A. Alimov, Q. Maqsetov, X. Ta’jimuratov, A. Kariov, H.M. Nizamatdinovlar baspag’a tayarladi`. 1985-ji`li` Wo’zbekstan ilimler Akademiyasi` Qaraqalpaqstan Filiali` N. Da’wqaraev ati`ndag’i` tariyx, til ha’m a’debiyat instituti` sho’lkemlestiriwinde qaraqalpaq folklori` ko’p tomli`qti`n’ XIV tomi`nda «G’a’rip ashi`q» da’stani`, «Sayatxan Ha’mra» da’stani` menen birgelikte «Qaraqalpaqstan» baspasi`nan shi`g’ari`ldi`. Bug’an ali`m A.Alimov ta’repinen alg’i` so’z jazi`ldi`.

Bul da’stanni`n’ izertleniw tariyxi`na ko’z jibrip qaraytug’i`n bolsaq Q. Maqsetov, A. Alimov, A. Karimov, Q. Ja’rimbetov, Q. Worazi`mbetov ha’m t.b. wo’zlerinin’ ilimiy miynetlerinde pikirler bildirgen.

---

[21] Сонда 128-бет.
[22] «Ғәрип ашық» Нөкис1960. 4-б.
[23] Мақсетов Қ. «Ғәрип ашық» дәстаны ҳаққында. Хабаршы № 4. 1972

## 1.2. «G’a’rip ashi`q» da’stani`ni`n’ janrli`q wo’zgesheligi

Xali`q do’retiwshiliginin’ ko’lemli ha’m qi`zi`qli` janrlari`ni`n’ biri – da’stanlar boli`p tabi`ladi`. Da’stanlar tematikali`q bag’darlama, syujetlik ha’m ideyali`q mazmuni`na qaray: *qaharmanli`q* (bati`rli`q) da’stanlar ha’m *ashi`qli`q* (liro - epikali`q) boli`p aji`raladi`.

«Liro – epikali`q da’stanlar qaraqalpaq xali`q do’retiwshiliginde bati`rli`qti` ji`rlaytug’i`n epikali`q da’stanlar menen birge do’relip, birge wo’mir su’rip kiyati`r. Wolarda qaharmanli`q da’stanlardag’i`day bati`rli`q isler, gu’res tuti`w, sawash ko’rinisleri su’wretlenbeydi, al bir – birin yessiz su’ygen jaslardi`n’ shiyelenisken ta’g’dirleri, ayrali`q azaplari`, sag’i`ni`sh sezimleri beriledi. Soni`n’ ushi`n bunday da’stanlardi` qaraqalpaq folklori`nda ashi`qli`q da’stanlar dep ju’ritedi, al xali`qarali`q a’debiy terminologiyada romantikali`q poemalar dep ataydi`»[24]. Wolardi`n’ syujetleri shiyelenisken, qi`yi`rman – shi`yi`rman epikali`q waqi`yalarg’a toli` boli`p keledi. Soni`n’ menen birge ashi`qli`q da’stanlarda su’yisken jaslardi`n’, ju’rek sezimleri, ayrali`q, sag’i`ni`sh zardabi`nan payda bolg’an ruwxi`y xalatlar kewil da’rtleri teren’ pirizm menen beriledi. Demek, ashi`qli`q da’stanlarda waqi`yalar epikali`q jol menen bayanlanadi` ha’m qaraqalpaqlardi`n’ ju’rek sezimleri, ruwxi`y halatlari` teren’ prizim menen beriledi yeken, usi` berilgenine qaray a’debiyattani`w ha’m folklor iliminde ashi`qli`q (romantikali`q) da’stanlardi` liro – epikali`q da’stanlar yamasa liro – epikali`q poemalar dep ataydi`. Ashi`qli`q da’stanlardi` baqsi`lar atqaratug’i`n bolg’an yamasa jen’il namalarg’a sali`p qi`ssaxanlar woqi`ytug’i`n bolg’an. Qaraqalpaq xalqi` arasi`nda ken’ tarqalg’an ashi`qli`q da’stanlari`nan «G’a’rip ashi`q», «Sayatxan – Ha’mra», «Ashi`q Na’jep» ti atap wo’tiwge boladi`.

---

[24] Жәримбетов Қ, Оразымбетов Қ. Қарақалпақ әдебияты, Нөкис, «Билим», 2006. 52-бет.

«g'a'rip ashi`q» da'stani` qaraqalpaq xalqi`ni`n' su'yip ti`n'laytug'i`n da'stani` bolg'an. Qaraqalpaq baqsi`lari`ni`n' nama biliw da'rejesi, ashi`qli`q da'stanlari`n atqari`w sheberligi usi` «G'a'rip ashi`q» da'stani` menen wo'lshengen. Shi`ni`nda da, «G'a'rip ashi`q» da'stani` wo'zinin' ideyali`q mazmuni`, syujetlik ha'm kompoziciyali`q pisikligi, ko'rkemlik da'rejesi qosi`qlari`ni`n' lirikali`q teren'ligi ha'm na'zikligi boyi`nsha a'dewir wo'zgeshelenip turadi`. Da'stanni`n' ishindegi lirikali`q qosi`qlardi`n' xali`q kewiline jaqqani` sonshelli, wolardi`n' ko'pshiligi da'stannan aji`rali`p, wo'z aldi`na xali`q qosi`qlari`na aynali`p ketken. Mi`sali`, «Bes ji`l boldi` ayra tu'stim yari`mnan», «Da'rtin'nen», «Yardi`n' gu'li keldi wo'zi kelmedi», «Keler sallana – sallana», «G'a'ribim», «Sa'nemjan», «Nigarim», «Sen yar ketkeli» ha'm t.b. qosi`qlar ashi`qti`n' ju'rek sezimlerin, kewil da'rtlerin beredi.

Woyani`w da'wirinde feodalizm shi`nji`ri` ken' qulash jayi`p adam ta'g'diri yermekke aylang'an waqi`tta, ashi`qlardi`n' ahu – zari`n ji`rlaw, wog'an rehimi keliw, ishten ashi`ni`w, kewlin bildiriw, ha'tteki gu'reske shaqi`ri`w xali`q poziciyasi`nda ken'nen wori`n aldi`. Usi` da'wirlerde xali`q arasi`ndag'i` ko'p sanli` yertekler tiykari`nda «Yusup - Zuleyha», «La'yli Ma'jnu'n», «Farxad - Shiyrin» keyinirek «Tayi`r - Zuxra», da'stanlari` payda boldi`.

Mine, usi` ashi`q – mashi`qlardi`n' qa'siyetli qi`ssasi`n su'wretleytug'i`n da'stanlardi`n' ken' yen jayi`wi` «Hurlixa – Ha'mra», «G'a'rip ashi`q», «Ashi`q Na'jep» ha'm t.b. da'stanlardi`n' da'slepki formalari`ni`n' payda boli`wi`na jag'day tayarlag'an boli`wi` ta'jip yemes[25]. Usi` da'stanlardi`n' payda boli`wi`na baylani`sli` bunday syujetke quri`lg'an qaharmanlardi`n' atlari`, geografiyali`q atamalari`n wo'zgertiw joli` menen tuwi`sqan qazaq, tatar, nog'ay xali`qlari`ni`n' «Qi`z Jibek», «Qazi` Ko'rkem

[25] Алимов А. Қарақалпақ лиро – эпикалық дәстанлары. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1983. 8-бет

- Bayan», «Suli`w» qusag’an da’stanlari` ipayda boldi`[26]. Biraq bul jerde wolardi` bir – birinin’ ko’shirmesi degen woy boli`wi` mu’mkin yemes. Tek te wolardi`n’ uzaq ji`llar dawami`nda wo’z-ara qari`m – qatnasi`qlardan keyin bir – birinen syujetlikta’sirlengenligi, bayi`p ati`rg’anli`g’i` g’ana na’zerde tuti`ladi`. Soni`n’ menen bir qatar geypara ilimpaz a’debiyatshi`lar bul da’stanlardi` shayi`rlar ta’repinen do’relgen dep te jazadi`. Ma’selen, «Za’wre - Tayi`r» da’stani`ni`n’ avtori` XVII a’sirde jasag’an. Bali`qli` shayi`r Said Muxammed Sayediy[27] ha’m XVIII a’sirde jasag’an tu’rkmen shayi`ri` Mollanapes[28] «Leyli Ma’jnu’n», «Yusip - Ziliyha», «Zeynep - Yerep» da’stanlari`n Andalibtin’ (Nurmuhammed G’a’riptin’) (XVIII a’sir) «Sayatxan-Ha’mra» ha’m «Na’jep wa’len» da’stanlari`n tu’rkmen shayi`ri` Shabendinin’ «G’a’rip ashi`q» da’stani`nG. Arasli`ni`n’ pikirinshe tabrizli isenimli shayi`rdi`n’ jazg’anlari`n xabarlaydi`. Biraqta bul da’stanlardi`n’ da’slepki xali`qli`q varianti`ni`n’ yertede do’relgenligin wolarda biykarlaydi`. Bul shayi`rlardi`n’ individual shi`g’armalari`, sol yertede do’regen xali`qli`q varianti` tiykari`nda do’relgenligin xabarlaydi`.

Feodalizm zamani`nda Shi`g’i`s xali`qlari`nda da’stan jazi`w da’stu’rge aynalg’an waqi`tlarda qaysi` shayi`rdi` bolmasi`n bul gu’zarg’a bir a’kelip soqti`rmay qoymadi`. Biraq woni`n’ qaysi` waqi`tta individual variantlari`ni`n’ do’reliwine qaray waqi`yani`n’ bolg’an da’wirin belgilemey, da’slepki xali`qli`q variantlari`ni`n’ payda boli`w zamanlari`n yeske ali`w kerek. Wo’ytkeni, ha’r bir baqsi`, qi`ssaxan, qosi`qshi`lar varianti`n wo’zgeshe yetip wo’zinshe qa’liplestirgendey, shayi`rlarda wonnan wo’zinshe ilhamlani`p keldi. Ataqli` qaraqalpaq baqsi`lari` G’a’ripniyaz, Yesibay, Atash, Nurjan ha’m Aqi`mbet, Musa, Su’yew, Arzi`, Juman, Sherniyaz, A’met, Japaq, Yesjan, Qarajan, Tilewmurat h.t.basqalardi`n’

[26] Сонда, 8-бет.
[27] Аман Кекилов, «Моллапес», Ашқабад, 1957, 88-бет.
[28] Сонда

qosqan u’lesi wo’z aldi`na bir to’be. Wo’ytkeni belgili da’stan xali`q do’retpesi yaki individual do’retpe boli`p atqari`wshi`ni`n’ mu’lkine aylanadi`, yag’ni`y da’stanni`n’ avorlari`n-dramaturg desek, atqari`wshi` rejissiërli`q wazi`ypasi`n da atqari`p, wo’zinin’ atqari`w monerasi`na, talant da’rejesine qaray wo’zgerisler kirgizip woti`radi`. A’sirese, bul ti`n’lawshi` auditoriyasi`ni`n’ xarakterine de baylani`sli`.

Joqari`da keltirilgen bir qi`yli` mashmundag’i` da’stanlar ha’r qi`yli` xali`qta ayti`lsa da, sol yeldin’ milliy wo’zgesheligine qaray wolardi`n’ turmi`s sharayati`na baylani`sli` wo’zinshe ko’rkem – qurallar menen su’wretlep beriledi. Wol shi`g’armalardan sol xali`qti`n’ u’rp - a’detin, turmi`s tirishiligin, du’nyag’a ko’z – qarasi`n ko’rihge boladi`. Tap usi` ma’seleden  da’stan menen usi` xali`qti`n’ tariyxi`ni`n’ arasi`ndag’i` jaqi`nli`q ani`qlanadi`. Bulardi`n’ barli`g’i` ilimge, izertlewge obekt boli`p, ilimiy material boladi`. Al, keleshekte buni`n’ ilimiy ashi`li`wlar bolatug’i`nli`g’i`na daw joq.

So’z yetilip woti`rg’an da’stanlardi`n’ shi`g’i`si` qandayda bir tariyxi`y da’wirge bari`p tirelgen waqi`tta da wol sol da’wirdin’ jemisi boli`p qalmastan usi`nday yele wonnan keyingi da’wirdin’ de jemisi boli`p yesaplanadi`. Wo’ytkeni, tariyxi`y ko’rinistin’ wo’zgeriwi menen adamlardi`n’ da sana – sezimi de wo’sip, wo’zgerip woti`radi`. Turmi`sqa, du’nyag’a bolg’an ko’z – qarasta wo’zgeriske duwshar boladi`. Sonli`qtan atqari`wshi`lar qandayda ja’miyetlik du’zimdi su’wretlese de, wo’zlerinin’ xali`qti`n’ turmi`si`n, sezimin ideyali`q ko’rkemligi jag’i`nan belgili da’rejede wo’zgeriske duwshar boli`p turadi`. Bunday wo’zgerisler joqari`da ayti`lg’anday tek te baqsi`lardi`n’  suwg’i`ri`p soli`may shayi`rli`q talanti`na, turmi`sqa bolg’an ko’z – qarasi`na baylani`sli` boli`p qalmastan, jalpi` xali`qqa ja’miyetlik turmi`sti`n’ wo’zgiriwine tariyxi`y sharayatqa baylani`sli` da boladi`. Ha’r bir adam ta’biyat inam yetkenindey wo’zinin’

ishki psixologiyali`q  keshirmesine baylani`sli` ha'r qi`yli` tolg'amda bolg'ani`nday baqsi`lardi`n' biri da'stan qaharmanlari`ni`n' obrazi`n ku'sheytip ji`rlawg'a qi`zi`qsa, yekinshisi wolardi`n' arasi`ndag'i` ashi`q muhabbatti` ardaqlawg'a ko'birek wori`n beredi. Degen menen bunnan atqari`wshi`lar xali`qli`q da'stanlardi` qa'legeninshe wo'zgerte beredi degen juwmaq shi`qpawi` kerek. Wo'ytkeni, a'debiy do'retiwshilik quramali` bir process boli`p, bul maydang'a ju'reginin' woti` bar, ishinde da'rti qi`ynag'an,poeziya i`shqi`na giripdar bolg'an adamlar g'ana wo'z joli`, wo'zine ta'n stili, usi`li` ha'm individual qa'siyetleri menen kirip keledi. Wol wo'z talanti`ni`n' qa'lewi ha'm uqi`bi`ni`n' qu'diretine qarap da'wir talabi`nda zamanlaslari` arasi`nda belgili wori`ndi` iyeleydi. Biraqta, do'retiwshilik processtegi barli`q waqi`yalardi` tekte yeski da'stu'rlik yaki wo'z-ara ta'sir faktorlari` menen baqlaw sol ta'sir na'tiyjelerin belgili do'retpelerdin' xali`qqa sin'isip qa'liplesip, kamalg'a keliwinde sheshiwshi rol atqaradi` dep inkar kiritiw, tariyxi`y shi`nli`qqa qayshi` keler yedi.

Xali`qti`n' milliy psixologiyali`q wo'zgeshelikleri menen u'rp - a'det da'stu'rlik belgitlerine kelsek, wolardi`n' ha'r qaysi`si` wo'z aldi`na bir da'stan. Sonli`qtan da ha'r bir xali`qti`n' atqari`wshi`si` da'standa tariyxi`y waqi`t talap yetken qatar qag'i`ydalarg'a baylani`sli`. Sol xali`qti`n' ju'oeginin' qa'lewi boyi`nsha wo'zgertip, qosi`p-ali`p, didni jaqi`nlasti`ri`p woti`radi`. Tuwi`sqan xali`qlardi`n' awi`z a'debiyati`ndag'i` jaqsi` ta'jiriybelerden paydalani`wdi`n' wo'zi de da'wir a'debiyati` yaki konkret bir da'stanlardi`n' ken' tarali`w da'wirlerindegi belgili qatnas ha'm real tariyxi`y iqtiyajlarg'a baylani`sli` bolg'an ha'diyse boli`p, bul usi`l tariyxi`y wortali`qti`n' ishki rawajlani`w quwati` menen sali`sti`ri`ladi`. Tariyxi`y jag'daydi`n' talap yetiliwine baylani`sli` liro – epikali`q da'stanlarda «geypara ilimpazlar da'stan waqi`yalari`nda gezlesetug'i`n geografiyali`q atamalar menen tariyxta a'zelden kiyati`rg'an belgili jaylar qala ha'm awi`l

atlari`na baylani`sli` woni`n’shi`qqan jerin  basqa jurtlarg’a apari`p silteydi. Duri`s, bul da’stanlardag’i` qaharmanlardi`n’ ha’reketleri, qatnasi`qlari`, wo’miri ha’m ta’g’diri usi` jer atamalari` menen bastan – ayaq ti`g’i`z baylani`sta ali`p bari`ladi`»[29].

Mi`sali`: Bag’dat yelinin’ sultani` G’a’riptin’ a’kesi Hasennin’ Diyar Bakirge kelip wa’zir boli`wi`, G’a’riptin’ -------- ketiwi-«G’a’rip ashi`q» ta Nasi`r shi`nmashi`n, shi`rwani`, Shinaq qalalari`ni`n’ – «Hu’rlixa – Ha’mra» da, «sayatxan - Hamra» da – İran, İraq, Tubriz a’tiraplari`, «Farxad - Shiyrin» de-Arman, Gruziya, Qi`tay jerleri so’z yetiledi h.t.b. usi`g’an qaray wolardi`n’ do’reliw worni`ni`n’ pu’tini menen sol yellerge tiyisli desek wori`nli` bolama? Wolay bolsa bul da’stanlardag’i` ushi`rasatug’i`n atamalardi`n’ geyparalari` Worta Aziya, soni`n’ ishinde yeski xorezm a’tirapi`nda da gezlsedi. Bunday yetip da’stanni`n’ kelip shi`g’i`w etnogenezine qaray aji`ratatug’i`n bolsa, wonda woni` birqansha shatasti`ri`p alg’an bolar yedik. Wo’ytkeni da’stan tariyx bolmag’anli`qtan so’z yetilgen waqi`ya qanshelli tariyxi`y real haqi`yqatli`qqa tuwra kelgende de bul tariyxti`n’ ko’rkem sa’wlesi. Sonli`qtan da’standag’i` geografiyali`q atamalardi` na’zerde tuti`p, sol yellerde  do’relip, basqa jaqqa tarag’an dew tariyxi`y shi`nli`qqa tuwri` kelmeydi.

Sonday-aq  da’standa bastan ayag’i`na shekem ashi`q G’a’rip penen ashi`q Sa’nemnin’ basi`nan wo’tken i`shqi` muxabbat sezimleri, yar joli`nda ko’rgen azaplari`, muxabbat joli`nda hesh na’rseden qaytpaytug’i`ni`, wolardi`n’ bir-birine sadi`qli`g’i` Nawayi`ni`n’ Layli Majnu’nindey obrazli` yetip ku’shli namalar shali`ng’an. Mi`sali`, yekewinin’ ushi`rasi`wi`n qanshelli sheklep qoysa da, G’a’rip Sa’nemdi ko’riwge g’arri` hali`nda kiyinip bir buwat gu’l menen Sa’nemnin’ bag’i`na kelip wog’an ashi`qli`q qosi`qlari`n aytadi`:

---

[29] Алимов А. «Қарақалпақ лиро – эпикалық дәстанлары» Нөкис, «Қарақалпақстан», 1983, 11-бет.

-Men su’ygenmen ziyba Sa’nem ati`n’di`,
Su’ysem wo’ltirer, su’ymesem wo’lem.
A’lemge ma’shhu’r bolg’an hasli` zati`n’di`,
Desem wo’ltirerler demesem wo’lem.

Kelin’, na’zer sali`n’ yardi`n’ woyi`na,
Tilla ha’ykel tag’i`ni`pti` moyni`na,
Xoja bag’man Shasa’nemnin’ qoyi`na,
Kirsem wo’ltirerler, kirmesem wo’lem.

Sa’nem bag’man g’arri`dan bull ashi`qli`q namali` qosi`qti` yesitip, g’arri`ni` quwi`p jiberedi. G’arri` ketip barati`ri`p qoli`ndag’i` bir buwat gu’lin taslap ko’zden g’ayi`p boladi`. Taslang’an bir buwat gu’lge na’zer sali`p qarasa, wol G’a’riptin’ qoli`nan shi`qqan buwma gu’li yekenin bilip, Sa’nem jan’ag’i` g’arri` qayda joq boli`p ketti, dep i`shqi` da’rtinin’ woti`na jani`p, ji`laydi`. Wol gu’ldi ashi`p qarasa, ishinde i`shqi`-muxabbat qosi`g’i` jazi`lg’an bir xati` ko’rip woni` woqi`p ko’redi:

G’a’riplikten hesh kim kelmes qasi`ma,
Ra’him a’ylemes ko’zden aqqan jasi`ma,
A’jel dasti`g’i`ni` qoyi`p basi`ma,
Yar-yar deyin keterboldi`m da’rtin’nen

Sha’men boylap nama jazi`p jiberdim,
Bir sen dep du’nyadan ju’zim do’ndirdim,
Ra’ha’t shi`rasi`ni` u’plep so’ndirdim,
Biyganali`q yeter boldi`m da’rtin’nen.

Mine. Bull qosi`qta G’a’rip wo’zinin’ bull yelden seni dep, barli`q zattan waz keship, maqsetime qashan bolsa da jetemen dep, senin’ ushi`n ra’ha’t shi`rasi`n so’ndirdim, qul boli`p ketip barati`rman dep, wo’zinin’ muxabbati`nan qaytpaytug’i`ni`n, tu’binde yar joli`nda maqsetime jetemen dep, jazi`p ketken yeken. Woni` Shasa’nem woqi`p, biratala wo’z ashi`g’i`na rehmi kelip, ayap, meni dep qi`yi`nshi`li`qlarg’a duwshar boldi` yari`m dep, ji`lap,i`shqi` woti`n ko’z jasi` menen to’gip ji`layji`

-Ba’ha’r boldi`, gu’l ashi`ldi`,
Menin’ gu’lim ashi`lmas pa?
Bu’lbu’lden pi`g’an shashi`ldi`,
Mennen pi`g’an ashi`lmas pa?

Ma’jlisimiz zaya qaldi`,
Gu’l deregin zag’lar aldi`,
Go’zzal yardan xabar keldi,
Yendi sharap ishilmes pe?

Sa’nem aytar, wo’mirim jeli,
Keldi muxabbat na’wbeti,
Ashi`ldi` bag’lardi`n’ gu’li,
Menin’ gu’lim ashi`lmas pa?

Bull i`shqi` da’rt qosi`g’i`n ayti`p woti`rg’anda, qasi`na Aqsha apasi`kelip, ne boldi` sag’an dep soraydi`?-Shasa’nem Aqsha apasi`n ko’rip ji`lap jiberedi. Ji`lap wo’z da’rtin bayanlap, ha’tteki ta’biyatti`n’ ba’ha’ri keldi, gu’ller de wo’z ashi`g’i`na qosi`li`p ashi`li`p ati`r,bu’lbu’ller de wo’z ashi`g’i`na qosi`li`p ati`r, men bolsambir jerde wo’z ashi`g’i`ma qosi`la almay, soli`p ati`rman, dep:

Da’rtinen ju’regim jara boli`p tur,

Jani`p ju’rek-bawi`ri`m para boli`p tur,
Sebep neden baxti`m qara boli`p tur?
Yardi`n’ gu’li keldi wo’zi kelmedi.

Menin’ yari`m Ha’sen wa’zir ug’li`dur,
Muxabbatli` bir i`qrarg’a bayli`dur,
Atamni`n’ ja’birinen bawi`ri`m dag’li`dur,
Yardi`n’ gu’li keldi, wo’zi kelmedi.

Mine, bull jerlerde G’a’riptin’ sumli`g’i`n ko’rsetken, sebebi, G’a’rip Shasa’nemnin’ i`shqi` da’rti woti`na jani`p woti`rg’ani`n bile tura, bir ko’rispey quri` gu’lin taslap, ishine ashi`qli`q qosi`g’i`n jazi`p ketip qaladi`. Shasa’nem bug’an shi`dap, bag’mandi` shaqi`ri`p ali`p, yerten’ bag’qa hesh kim kirgizbe tek G’a’ripten basqa, dep, sol ku’ni Shasa’nem dolani`p shi`g’i`p G’a’ripti ku’tedi. G’a’rip bull jerde jasi`ri`n jati`p bir ko’rinip shaqqanli`q penen qashi`p ketedi, buni` Sa’nem ko’rip izinen quwadi`. G’a’rip terektin’ usha basi`na ko’rinbey minip aladi`. Shasa’nemnin’ ashi`wi` kelip, menin’ menen bir ko’rispedi-aw dep Aqsha apasi`na G’a’ripke bolg’an narazi`li`q qosi`g’i`n aytadi`. Buni` G’a’rip ti`n’lap turadi`:

-Aqsha apa, g’amsi`z basi`m,
G’amg’ana boldi` na’yleyin,
Bir so’z benen _____ yari`m,
Biygu’na’ boldi` na’yleyin.

Men keldim woni` sorag’lap,
Ju’regimdi wotqa dag’lap,
Wol qatti` mennen ji`raqlap,
Pinhana boldi` na’yleyin.

Yendi turmayman bir saat,
Kewlimde qalmadi` ta’ha’t,
Muxabbat salg’an imarat,
Wa’rana do’ndi, na’yleyin.

Shasa’nem si`yi`ndi` pirine,
Ha’r kim wo’z baxti`nan ko’rmege,
Yardi`n’ kewli wo’zge jerde,
Gu’mana boldi`, na’yleyin.

-bul Shasa’nemnin’ G’a’ripke bolg’an ashi`wli`, narazi`li`q qosi`g’i`n yesitip G’a’rip, Shasa’nemge qasi`n’da qi`rq ka’nizegin’ bolg’an son’ uyali`p yedim dep sa’nemnin’ kewlin ali`p, yekewi qushaqlasi`p, moyi`nlari`na qollar sali`si`p, posa ali`si`p ko’risedi. So’ytip G’a’rip Shasa’nemnige wo’zinin’ ketip barati`rg’ani`n, men sen ushi`n jasayman, senin’ joli`n’da Ma’jnu’ndey boli`p wo’lsem a’rmani`m joq, meni ku’t, hesh kimge kewil qoyma dep:

Ja’birinde to’zbeymen japa a’yleme,
Basqa menen ahdi payman a’yleme,
Ha’r kim menen zawqi` sapa a’yleme,
So’z jayi`lar yelden-yelge, sa’wdigim.

**<u>Aqsha apa obrazi`.</u>**

Bull jerde G’a’rip ketip barati`ri`p, quri` ketpey Sa’nemge muxabbati`n ja’ne de mi`qlap ketedi ha’m wa’desin aladi`. Syujettin’ bull jerinde yeki ashi`q qushaqlasi`p turg’ani`nda Sa’nemnin’ apasi` Aqsha bulardi` ko’rip, da’rti qozg’ali`p wo’z ashi`g’i`n yesleydi: -menin’ de ishimde ishqi` da’rti bar. Azberxoja degen ashi`g’i`m saparg’a ketip kelmey qaldi` deydi.

Da’standa Aqsha menen Azberxojani`n’ ishqi` muxabbat woyi`nlari`na obrazi` namalar shali`nbag’an, awi`zeki ayti`li`p wo’tken.

Bull so’zden son’ Shasa’nem ko’zin ashi`p qarasa, G’a’ripke ko’zi tu’sti. Worni`nan i`rg’i`p turi`p, G’a’rip penen qushaqlasi`p ko’risti. Yeki ashi`q qosi`li`p, qi`zi`l-jasi`l gu’l kibi ashi`li`p, bu’lbu’l gu’lin ko’rgendey lalazar boldi`. G’a’rip penen  Shasa’nem basi`nan wo’tken waqi`yalari`n, ko’rgen tu’slerin, biri-birine ayti`p berdi. Yeki ashi`q bag’da seyil qi`ldi`. Qi`zi`l gu’l, aq gu’llerdi aralap, gu’llerden sha’men bayladi`. Toti`lardi`n’, bu’lbu’llerdin’ sayrag’an seslerin yesitip, bag’ miywalari`n aralap, alma-anar, piste u’zip jep, ag’ashti`n’ sayasi`nda woti`ri`p, buri`ng’i` wo’tken ku’nleri yadi`na tu’sip, qudaytalag’a shu’kir yetip, G’a’rip bir so’z dedi:

-Shu’kir yeteyin qudag’a, bizdi yarg’a jetirdi,
Wo’rtep tur pi`rag’i`nda bull gu’lzarg’a jetirdi,
Kewlimde qalmas a’rman, ahi`w-zarg’a jetirdi,
Ja’llat ko’zli, qasi` jay, zulpi` tari`ma jetirdi.

G’a’rip sayrag’an bu’lbu’ldey boli`p, bull qosi`qti` tamam yetti. Shasa’nem, G’a’ripke qarap moyni`n buri`p, ju’z mi`n’ ji`lwa qi`li`p, G’a’riptin’ bull aytqan so’zine ti`msal keltirip, G’a’ripke bir-eki awi`z so’z so’yledi:

-Kel G’a’ribim, su’rgil zawqi`-sapani`,
Jetkerdi maqsedke, a’rman qalmadi`
Xaqti`n’ wo’zi berdi bizge da’rmandi`
Wa’demnen taymadi`m, a’rman qalmadi`

Bull so’zlerdi tamam yetkennen son’, G’a’rip Shasa’nemge:

-Wa dariyqa «go’zzal» degen so’z bar yedi. Muratqa jetip, waqti`mi`z xosh boli`p woti`rg’anda Sa’nem bull so’zdi ayta g’oydi`n’aw, basi`mi`zg’a ayrali`q ba’lesi giriptar bolmasa jaqsi` bolar yedi-aw,-dedi.

Shasa’nem:

-Menin’ a’kem wo’zin’nen ayri`li`p qalg’an waqi`tta, an’ awlap ju’rip menin’ u’stime keldi.A’kem tani`p qalmag’aydag’i`,-depqudaytalag’a minajat qi`ldi`m, wol biyhush boli`p attan ji`g’ldi`. A’kemnin’ ati`na minip qalag’a keldim. Atam meni ko’rip, basi`na ashi`qli`q sawdasi` tu’sip, yendi G’a’rip kelse, meni bermek boli`p seni izleti. Sennen hesh xabar bolmadi`. Sen hesh qayg’i` jemegil,-dedi.

Aradan alti` ay wo’tti, ku’nlerde bir ku’n G’a’riptin’ kelgenin patsha yesitti:

-Menin’ aytqani`mdi` wori`nlamay, wo’z i`qti`yari`nda kelip, Shasa’nemnin’ bag’i`na kirgen bolsa, G’a’rip penen Shasa’nemdi bunda ali`p kelin’ler, baxi`tlari`na qara tigin’ler,- dep, bag’qa ja’llad jiberip, patsha mi`na so’zdi ayti`p tur:

-Bag’da bolsa G’a’rip penen Shasa’nem,
Bari`p tuti`p ali`p kelin’, ja’lladlar;
Qoli`n baylap arqasi`na ba’nt yetip,
Moyni`ni` qi`l sali`p kelin’, ja’lladlar.

Yendigi so’zdi G’a’rip penen Shasa’nemnen yesitin’:

G’a’rip penen Shasa’nemnin’ doslari` kelip, Shaabbaz patshani`n’ bulardi` uslaw tuwrali` bergen qatti` buyri`klari`n ayti`p keldi:

-Sizler yerteden basi`n’i`zdi`n’ g’ami`n yetpesen’izler, ha’zir patshadan sizlerge ja’llat keledi,-dedi.

G’a’rip penen Shasa’nem bir-birinen ayra tu’se almay, biri menen biri xoshlasi`p, bir so’z dedi:

Ah uri`p ada yetip, bozlap ji`ladi`m,
Ji`la Sa’nem, ayrali`qti`n’ ku’nidur
Ko’zin’nen jas to’gip, bawi`ri`n’ dag’ladi`n’,
Ji`la Sa’nem, ayrali`qti`n’ ku’nidur.

Bunnan son’ Shasa’nem, G’a’ripti jiberip, taqati` bolmay:

-Men sennen qali`p ne qi`laman? Wo’lgen jerde wo’lermen, tirilgen jerde tirilermen, bunda qali`p ne qi`laman?-dep Shasa’nem, G’a’rip penen ketpekshi boldi`. G’a’rip, sa’nemge qarap:

-Bizdi tutqan kisi joq, dushpang’a ku’lki boli`p ketkenshelli, sabi`r yetip ku’t,-dep Sa’nemnin’ kewlin jubati`p, bir so’z dedi:

-Keshe ku’ndiz bull ashi`qti`n’ da’rtinen,

Menin’ ushi`n sebil bolma Sa’nemjan

Ayra tu’sip bull jurti`n’nan yelin’nen,

Menin’ ushi`n sebil bolma Sa’nemjan.

Bull so’zlerdi ayti`p bolg’annan son’, G’a’rip, Shasa’nemge:

-Ha’ Shasa’nem,sen qapa bolma, na’sip bolsa bir qosi`larmi`z,-dep xoshlasi`p ketti.

Patshani`n’ jibergen ja’llatlari` kelip, Shasa’nemnin’ sharbag’i`n, ko’shki, sarayi`n aqtari`p, G’a’ripti taba almadi`. Shasa’nemnin’ de kewline tiymedi. Ja’lladlar Shaabbaz xang’a bari`p, hesh qanday g’alawi`t joqli`g’i`n bayan yetti.

Yendigi so’zdi G’a’ripten yesitin’. G’a’rip neshshe tawlardi` asi`p, neshshe sho’l-ja’ziyralardan wo’tip, neshshe ma’nzil jol ju’rip, birneshshe waqi`t wo’tkennen keyin, Bag’dat qalasi`na kelip jetti.

Wol sha’ha’rde hesh qanday tani`si` joq yedi. Qay jerge barari`n bilmey, hayran boli`p, bir pa’yekshinin’ jani`nda dem aldi`. Bag’dat patshasi`ni`n’ uli` Asas ko’she aralap kiyati`rg’an yedi. Ko’zi G’a’ripke tu’sti. Si`ni`-si`mbati` kelisken G’a’riptin’ qasi`na patshani`n’ uli` kelip, wo’zi menen birge G’a’ripti sarayg’a apari`p tu’sirdi.

Patshani`n’ uli`:

-Qaysi` bag’di`n’ gu’li, qaysi` sha’mennin’ bu’lbilisen’? Qanday patshani`n’ uli`san’? Qaydan kiyati`rsan’, qayda barati`rsan’, bizge bir-bir bayan qi`l?-dep soradi`. G’a’rip hasli`-zadi`n bayan qi`li`p, bir so’z dedi:

-Shi`qqan yelim menin’ Diyarba’kirdur

Men ag’datqa kiyati`rman. Shahzadam

Kewlimde ju’z qayg’i`, ju’z mi`n’ pikirdur,

Ko’pdur menin’ da’rdeserim, Shahzadam.

G’a’rip basi`nan wo’tkenlerin bir-bir bayan qi`ldi`. Shahzada G’a’ripti atasi`ni`n’ aldi`na ali`p bardi`. G’a’riptin’ hasli`-zadi`n, Shaabaz xanni`n’ wog’an islegen islerin bir-bir bayan yetti.

Patsha worni`nan turi`p, G’a’rip penen ko’risti, halahwal sorasti`.

Patsha G’a’ripke:

-A’ken’ Ha’sen wa’zir bull qalada patsha bolg’an yedi, biz woni`n’ wa’ziri yedik. Atan’ bir sebepler menen bull qaladan ketkennen keyin, biz woni`n’ worni`na patsha boli`p qaldi`q, senin’ qa’dirin’di Shaabbaz ne bilsin,-dedi.

Patshani`n’ bir qi`zi` bar yedi, woni`n’ ati`n Aysa’nem deytug’i`n yedi. Ko’rgenlerdin’ miyri qang’an, ko’rmegennin’ bawi`ri` jang’an, suli`wli`g’i` asqan, shiyrin so’zli, aqi`lli` bir qi`z yedi.

Mine, usi` qi`zdi` G’a’ripke bermek ushi`n, patsha toy a’njami`n jedi. Keshe-ku’ndiz tamasha qi`li`p, sazende, go’ende, palwan, baqsi`, masqarapazlar ji`ynadi`. Ha’r qaysi`si` wo’z wori`nlari`nda woti`rdi`. Birneshshe ku’n toy-tamasha qi`ldi`.

G’arip toyg’a kelgen qalenderlerdin’ qasi`na bari`p, Sha’senemnin’ xabari`n soradi`:

-Yelden gezgen qa’lenderler,

Shasa’nemdi ko’rdin’iz be?

Diyarba’kir bizin’ jaylar,

Shasa’nemdi ko’rdin’iz be?

G’a’rip bull so’zlerdi ayti`p turg’anda Aysa’nem qi`z ka’nizegi menen ko’shki u’stinde zulpi`lari`n tawi`stan tarani`p, qasi`ndag’i` qi`zlar juldi`zday, wo’zi ayday boli`p woti`ri`p, G’a’riptin’ qa’lenderler menen so’yleskenin ko’rdi ha’m so’zin yesitti.

Aysa’nemnin’ qasi`ndag’i` Ta’nekey degen qi`z G’a’rip bull islerin ko’rip:

-Bul ne qi`lg’an jigit? Qi`zlar menen woti`ri`p, taqati` bolmay, qayaqtag’i` bir qalenderler menen so’ylesedi,-dep hayran qaldi`.

Qayi`l degen ja’ne bir qi`z bar yedi. Wol Aysa’nemge bir neshe jerden ti`msal keltirip, bir so’z ayti`p turi`pti`:

-Aysa’nem ko’rdin’ be sa’wer yari`n’di`,

Qa’ddi boyi` a’jep ra’wan ko’riner.

Sabi`ri`n’ ketti, aldi` yar qarari`n’di`

Xosh minayi`m, wo’zi dana ko’riner

Qayi`l bull so’zdi ayti`p bolg’annan son’, ka’nizekler:

-Qayi`l bull so’zdi duri`s aytadi`, bizler aytpag’a uyali`p woti`ri`p yedik,-dep, yeki-ekiden, u’sh-u’shten si`bi`rlaspag’a qaradi`. Aysa’nem kewlindegi qayg’i`lari`n bildirmeslik ushi`n, ka’nizeklerge mi`na so’zdi ayti`p tur:

-Quda buyri`g’i` wo’zge bolmas ka’nizler,

Haq ha’mirine moyi`nsi`nbaq kerekdur.

Paydasi`zdur bull ayti`lg’an ko’p so’zler

Taqat yetip wog’an turmaq kerekdur.

Aysa’nem bull so’zlerdi ayti`p boldi`, toy da tarqadi`. Aysa’nemdi G’a’ripke neke qi`ydi`, sarayg’a sali`p, wo’z i`qti`yarlari`na qoydi`. Aradan u’sh ku’n wo’tti. G’a’rip, Aysa’nemge qarap, jumg’an awzi`n ashpadi`. Aysa’nem, G’a’ripti so’yletpek ushi`n, jigitlik yoshi`n keltiretug’i`n bir neshe ti`msallardi` ayti`p, G’a’riptin’ aldi`nda woti`rdi`. Tu’rli shirelerdi alti`n

keselerge tolti`ri`p a’keldi.  G’a’rip shirelerden azi`raq tati`p, bir so’zlerdi so’ylemekshi boli`p yedi, Aysa’nemnin’ ta’ha’ti bolmay, G’a’ripke qarap:

-Ne sebepten qatti` qayg’i`dasan’?-dep zar-zar ji`lap, bir muxalles aytti`:

-So’yle, menin’  bawi`ri`mdi` kebap yetpe, nigari`m,

Kewlim g’amli`, ju’zimdi qara yetpe, nigari`m,

Bull wo’mirimdi qor a’ylep, dilgir yetpe, nigari`m,

Sali`p turman sizdi da’rtke, biytap yetpe, nigari`m,

Ra’him a’ylegil hali`ma, qa’rep yetpe nigari`m.

Aysa’nem bull so’zlerdi tamam yetken waqi`tta, G’a’rip ilajsi`zdan ne aytari`n bilmey, woyaq-buyag’i`na qaradi`. Wol wo’zine-o’zi  «Yeger Shasa’nem degen yari`m bar dep aytsam , Aysa’nem kewli awi`r qayg’i`da boladi`. Yeger aytpasam, Aysa’nem menen a’yshi-a’shiret yetpegim kerek, men buni`n’ kewlin qapa qi`lmayi`n, bunnan juwap ali`p bolmas pa yeken?», -dep Aysa’nem qarap:

-Su’wretin’ xon minayi`m, so’ylewge tilin’ joq, bag’i`nda gu’lin’ joq yeken. Sen jaqsi`-jamanni`n’ parqi`n bilmedin’, so’ylegen so’zin’di maqsetin’ barma, yari`n’ bar ma, du’nya kerek pe? –dedin’ Aysa’nem keler-kelmes so’zlerdi aytpa! Menin’ kewlimdi basqa maqsetim bar. G’arri` annam bar yedi, ketkende izimde qalg’an Gu’ljamalday qari`ndasi`m bar yedi, wolar men ketkende zar ji`lasi`p qaldi`. Wolardi`n’ hali` ne boli`p ati`r yeken, -dep ku’ni-tu’ni solardi` woylayman. Menin’ wolarg’a bergen sharti`m bar yedi. Men solardan ruxsat ali`p kelsem, wa’deme wapa yetsem, -dep woylayman, -dedi G’a’rip. So’ytip, G’a’rip, Aysa’nemnin’ kewlin ali`p, bir so’z dedi:

-Bu’gin mine sol so’z tu’sip yadi`ma,

Woti`rg’anda meni nege qoymaysan’?

Wo’rtenippen sol ka’bamni`n’ woti`na,

Shi`damadi`m, meni nege qoymaysan’?

So’z aytasan’ ne maqsetin’ bar deysen’,

Bull bag’i`mda menin’ gu’lim tar deysen’,

Kewlin’de sa’wer yari`n’ bar deysen’,

Kewilde gu’ptikey bar nege qoymaysan’?

Bull so’zdi ayti`p bolg’annan son’ Aysa’nem:

-G’a’ripr menin’ bilmegenimdi bildirdi. Duri`si`nda G’a’rip anasi`nan ruxsat ali`p kelgeni maqul bolar, -dep biyma’lel ruxsat berip, G’a’ripke qarap bir so’z dedi:

-Bar, ruxsat berdim sag’an,

Bir ji`ldan son’ kel, G’a’ribim.

Kelmesen’ ku’yip janarman,

Buni` taqiq bil, G’a’ribim.

Bull so’z tamam bolg’annan keyin, Aysa’nem:

-Meni ashi`qli`q woti`na jaqpa, wa’delesken ku’ninde kelgeysen’, -dep ruxsat berip jiberdi.

G’a’rip patshani`n’ jani`na kelip, ruxsat ali`p ketti.

G’a’riptin’ yadi`na Shasa’nem tu’sip, ayrali`g’i`na botaday bozlap, kewli wayran boli`p kiyati`r yedi, aldi`nan u’lken bir mereke shi`qti`. Merekeni basqari`wshi` qi`rq jigit G’a’ripti ko’rip, wonnan hal-awhal soradi`.

Birewi G’a’ripke qarap:

-Kewlin’ qapa, ju’zinn’ solg’i`n’ ko’rinedi, sag’an ne boldi`? – dedi.

G’a’rip jigitlerge awhali`n bir-bir bayan yetip tur:

-A’y yaranlar, musi`lmanlar,

Bir yar ushi`n ji`layman,

Dildarazi`m, jan joldasi`m,

Sa’wer yar ushi`n ji`layman.

G’a’rip so’zin tamam yetkennen keyin, jigitler:

-Sen ji`lama, kewline hesh qanday qapali`q keltiriwshi bolma, qi`z kerek bolsa ali`p beremiz, -dedi. Bull so’z G’a’riptin’ kewline kelip:

-A’y jigitler, magan Shasa’nemnen basqa, peri bolsa da keregi joq, -dep, G’a’rip wolarg’a qarap, bir so’z aytti`:

-Jandi`rdi` jani`mdi`, jaqti` bawi`ri`mdi`,
Jang’a japa bolar so’zlerin’ senin’.
Bull so’zlerdin’ tuwri` kelmes hesh biri,
Wotqa jansi`n gu’lli qi`zlari`n’ senin’.

Bull so’zdi G’a’rip aytqannan son’ merekege ji`ynalg’an adamlar:

-Bul haqi`yqat shi`n ashi`q yeken. Bug’an hesh qanday so’z ayti`wg’a bolmaydi`, -dedi. Ha’r bir so’zi bilgen adamga aqi`l, ha’rkimnin’ su’ygen yari` ha’mmeden de arti`q boladi`, -dep, G’a’ripti jolg’a shi`g’ari`p saldi`. G’a’rip A’lepshi`rawang’a jol tartti`. Birneshshe ku’n jol ju’rip, tawlardi`, taslardi`, sho’llerdi asi`p, A’lepshi`rawang’a keldi. Ha’r ta’repke qarap, «bull qalada Aqshani`n’ yari` –Azberxoja ko’zim tu’spes pe yeken?», -dep woti`rdi`. Tap sol waqi`tta Aqshani` izlep, Diyarba’kir jurti`na ketpek boli`p turg’an Azberxoja joli`qti`.

Sol jerde hal-awhal sorasi`p boli`p:

-Shasa’nemge menin’ sa’lem ayt, hal-awhali`mdi` bayan yet, -dep Azberxojag’a mi`na so’zlerdi bayan yetip tur.

-Xojam barsan’, zin’har bayan yet, arzi`-xali`m,
La’mge toldi` ko’zlerim, ketti ta’nnen majali`m,
Tu’sip tur paryadqa ko’rip ha’mmeden zi`yada,
Bardi`m sha’ha’r bag’dartqa tek Sa’nemdur qi`yali`m.

Bag’datta bir ay boldi`m, qayg’i`-ha’siretke toldi`m,
Keldim sag’an qosi`ldi`m, bilsen’ mine, usi` hali`m.
Bull ziba sayraydi` ashi`q woti`na ka’bapdur,
Bilsen’ xojam, qa’rapdur yarsi`z menin’ awhali`m.

G’a’rip bull so’zdi tamam yetkennen son’, Azberxoja G’a’rip peen xoshlasi`p, Diyarba’kirge ju’rip ketti. Ga’ woti`ri`p, ga’ ju’rip, tu’nde uyqi`lap, ku’ndiz ju’rip, birneshshe ku’nlerden keyin Diyarba’kirge keldi. Azberxoja sawdager tu’rinde Sa’nemnin’ ko’shkisinin’ asti`na kelip, tu’rli zatlari`n shi`g’ari`p, sawda yetken kisi boli`p woti`ra berdi. Shasa’nem menen Aqsha meni tani`p, wolar menen xabar alar, -dep woti`ri`p yedi. Bir waqi`tlari` Sha’sa’nem menen Aqsha ko’shkinin’ u’stinen qarasa, bir adam du’kan ashi`p woti`ri`pti`. Shasa’nem, Azberxoja yekenin tani`p, Aqshag’a yari`ni`n’ kelgenligin bir-bir bayan yetip turi`pti`:

-Su’yinshi ber, Aqsha apa,
Sen tilegen yari`n’ keldi.
Yendi su’rgil zawqi`-sapa,
Sen tilegen yari`n’ keldi.

Sa’nem, Aqshag’a bull so’zlerdi ayti`p, ka’nizek qi`zlari`ni`n’ birewin jiberip, Azberxojani` shaqi`rtti`. Aqshani` bir jayg’a jasi`ri`p qoydi`. Azberxoja, Shasa’nemnin’ shaqi`rg’ani`na kelmedi. Azberxoja:

-Men muradi`ma jete almaytug’i`n qusayman, -dep qori`qti`.

Ka’nizek:

-Shasa’nemnin’ qasi`na heshkim bara almaydi`, yeger barmasan’ seni adam jibertip, qol-ayag’i`n’di` baylati`p aldi`radi`. Wonnan da menin’ menen

ju’rgenin’ jaqsi`, –dedi. Wonnan son’ Azberxoja ka’nizek penen Shasa’nemge keldi.

Shasa’nem:

-Nege du’kani`n’di` bazarg’a ashi`p, zatlari`n’di` satpaysan’, denen’di para qi`ldi`raman! –dedi. Sol waqi`tta Azberxoja, Shasa’nemge qarap, i`rasi`n ayti`p, bir so’z dedi:

-A’lepten shi`qqanman yari`mdi` izlep,
Sol yari`mni`n’ ati` –Gu’lnahal yedi.
Sebep soldur bunda keldim aqtari`p,
Sol yari`mni`n’ ati`-Gu’lnahal yedi.

Azberxoja bull so’zdi tamam yetkennen son’, Shasa’nem a’ste so’zin ti`n’lap:

-Senin’ gu’nan’di` keshtim, Azberxoja, A’lepshi`rwanda G’a’ripti ko’rmedin’ be? –dedi.

Azberxoja:

-Keterpde G’a’ripti ko’rdim, mag’an arzi`-hali`n bayan qi`li`p, sizge ko’p sa’lem aytti`, -dedi.

Shasa’nem, G’a’ripti sorap, bir so’z dedi:

*Shasa’nem:*
So’yle, sen ba’zirgen, qaydan kelersen’?
Ko’rsen’-bilesen’ G’a’ribimnen xabar ber.
Irasi`n ayt, bolmasa xojam wo’lersen’,
Ko’rsen’-bilsen’, G’a’ribimnen’ xabar ber.

*Azberxoja:*
Qi`lmi`si`m ne boldi`, nedur gu’nayi`m?

Sabi`r a’ylegil, sawdur keler G’a’ribin’.

Ma’kani`m aytayi`n A’lepdur jayi`m.

Sabi`r a’ylegil, sawdur, keler G’a’ribin’.

Xoja Shasa’nemnin’ sawali`na juwap bergennen son’:

-Ha’y Shasa’nem! G’a’ribin’ saw, senin’ ushi`n mudami` sergizdanli`qta ju’r. Wol mag’an Shasa’nemge arzi`-hali`mdi` ayt, -dep zinharlap qalg’an yedi. Mine, men sag’an G’a’riptin’ amanati`n aytti`m. Yendi menin’ Aqsha yari`mnan xabar ber, -dep bir so’z dedi:

-Tabi`ladi`, xosh yettin’iz kewlimdi,

Qa’ne, menin’ sa’wer yari`m, Sa’nemjan?

İzlep keldim azap shegip yari`mdi`,

Qa’ne, menin’ sa’wer yari`m, Sa’nemjan?

Azberxoja bull so’zdi ju’z mi`n’ a’rman menen ayti`p turg’an ma’ha’lde, Shasa’nem qa’nizekleri menen qi`di`ri`p, ku’lisip:

-Xojam, qari`ydar yekensiz, miynetin’iz ku’yipti. Aqsha qashshan sennen u’mitin u’zip, basqa bir jerge ketti. Bi`yi`l won yeki ji`l boldi`. Sag’an yar kerek bolatug’i`n bolsa, yari`n’di` izlep tawi`p ala berin’. Munda wo’zin’nin’ paydali` sawdagerligin’ ushi`n kelip, yari`n’di` izlegen bolasan’. Sag’an Gu’lnahal joq, -dedi. Azberxojani`n’ betawi`zlari`n shan’ basi`p, yetlerine qalti`rati`p tiydi. Ah uri`p, «wa dariyha, yari`mnan ayri`lg’an yekenmen», -dep, biyhush boldi`.

Sa’nem:

-Haqi`yqat ashi`qi  yeken. Men buni` ha’leklemeymen –dep woyladi` da:

-Azberxoja, sag’an yari`n’di` tawi`p bersem, ne dersen’? –dedi. Azberxoja yesine kelip, kewli xosh boli`p:

-Qa’ne, Shasa’nem, i`rasi`n so’yle, -dep Shasa’nemge sawal berip, Shasa’nem juwap berip, alma-gezek ayti`si`p tur:

*Azberxoja:*

Ne desen’ de, alg’i`l tilegenin’she,
Irazi`durman, tawi`p bergil yari`mdi`.
Meni bu’ytip woynap-si`ng’a salg’ansha,
Irazi`durman, tawi`p bergil yari`mdi`.

*Shasa’nem:*

Menin’ maqsetimdi wo’zin’ bilesen’,
Zat yetemen, tawi`p bermey yari`n’di`,
Menin’ bir maqsetli isim qi`lmasan’,
Zat yetemen tawi`p bermey yari`n’di`.

Shasa’nem bull so’zdi ayti`p bolg’annan son’ xojag’a:

-Yari`n’di` tawi`p a’keleyin, -dedi. Azberxojani`n’ kewli xosh boldi`.

Shasa’nem:

-Aqsha apa kelin’iz. Sizdi ko’re almay Azberxojani`n’ taqati` bolmay tur, -dedi. Aqshani`n’ da Azberxojani` ko’riwge taqati` bolmay tur yedi, bull so’zdi yesitkennen keyin, pinhami` jaydan dolani`p, ayag’i`n g’az-g’az basi`p, ju’z mi`n’ ji`lwa menen kelip, Azberxoja menen ko’risti. Yeki ashi`q bir-biri menen ko’risip bolg’annan keyin, yekewi Aqsha turg’an jayg’a ketti. Azberxoja bir nesheshshe ay turi`p, wo’z sawdasi`n pitkerdi.

Aradan birneshshe waqi`t wo’tti. Ku’nlerde bir qu’n Shaabaz Shawalat atli` sa’rkardasi`na Shasa’nemdi bermege uyg’ardi`. Shabbaz:

-Qi`zi`m Shawalatti` qabi`l yetsin, -dep adam jiberdi. Shaabbazdi`n’ jibergen adami` kelip, bull xabardi` Shasa’nemge aytti`. Shasa’nem:

-Men Shawalatqa kerek bolsam, wol jeti ay, jeti ku’n-tu’n toy bersin, -dedi. Woni`n’ bull so’zdi aytqani`ni`n’ sebebi, kewlinde mi`nanday pikir boldi`: G’a’rip penen wa’de yetkeninen jeti ji`l toli`p, jeti ay qalg’an yedi. «Usi` waqi`t ishinde toydi`n’ da’bdebesin yesitip, G’a’rip tiri bolsa, bir jaqlardan kelip qalar», -dep woyladi`.

Shawalat, Shasa’nemnin’ bull wo’tinishin qabi`l yetip, jeti ay toy bermege tayarli`q ko’re basladi`. Toy baslandi`. Diyarba’kirdin’ sazende-go’yendeleri ji`ynali`p, Shasa’nemnin’ ko’shkisinin’ do’geregin ali`p jata berdi. Saz ha’m sa’wbet baslandi`.

Ku’nlerde bir ku’n Shasa’nem sa’ha’rde uyqi`si`nan woyandi` da, wo’zinen-wo’zi: «Shawalat birneshshe aydan beri toy berip ati`r, ma’wletli ku’nnin’ tolmag’i`na da azg’ana waqi`t qaldi`», -dep qapalandi`.

Azberxoja, Aqshani` ali`p, wo’z yelati`na qayti`p ketpekshi boldi`. Shasa’nem, Azberxojag’a mi`na so’zdi ayti`p tur:

-Xojam, bayan a’yle usi` hali`mdi`,
Mennen sa’lem degil, kelsin G’a’ribim,
A’liptey bu’gilgen qa’ddi-dali`mdi`,
Aytqi`l, sa’lem degil, kelsin G’a’ribim.

Shasa’nem bull so’zdi ayti`p, Aqshani` Azberxojag’a berip, uzati`p sali`p, xoshlasi`p, kewlindegi a’rmanlari`n ayti`si`p, uzaq saparg’a shi`g’ari`p saldi`. Azberxoja menen Aqsha birneshe ku’n jol ju’rip, wo’z walati`na saw-salamat bari`p jetisti. Yel-elati`n ji`ydi`ri`p, jeti ku’n, jeti tu’n toy-tamasha berdi.

Bull toyg’a G’a’rip keler me yeken? –dep ku’tip yedi, G’a’rip kelmedi. Bir ku’nleri G’a’rip, Azberxojani`n’ kelgenin yesitip, woni`n’ jani`na bari`p, Shasa’nem yari`n sorag’anda, wog’an Azberxoja bir so’z dedi:

*G’a’rip:*

-Sadag'an bolayi`n gu'l ju'zli xojam,
Xojam menin' yari`m sen qalay ko'rdin'?
Ashi`qli`q wo'rtedi ku'ndiz ha'm tu'ni,
Xojam menin' yari`m sen qalay ko'rdin'?

*Azberxoja:*

-Senin' ushi`n Sa'nem ji`lap ju'ripdur,
Ayrali`qtan renjip, ha'siret, shegipdur,
Biyi`qti`yar Shawalatqa beripdur,
Men senin' yari`n'di` tap solay ko'rdim.

Bull so'zlerdi ayti`p bolg'annan keyin Azberxoja, G'a'ripke:

-G'a'ripjan, yeger toy wo'tpesten buri`n barsan', yari`n'di` ko'rip, woni`n' menen qosi`larsan'. Yeger bari`p jete almasan', biynesip boli`p qalarsan', -dep, ali`p ketpekshe boldi`.

G'a'rip:

-Jeti ji`ldan beri bunda boli`p, birneshshe adamlar menen yar-dos boli`p qali`p yedim, men wolar menen xoshlasi`p keleyin, sen Sultan Tabrizdin' aldi`na bari`p tur, -dep jiberdi. G'a'rip barli`q yar-doslari` menen xoshlasi`p, Babaniyazdan ruxsat sorap, bir so'z aytur tur:

-Men ketemen Diyarba'kir yeline,
Keter boldi`m, yar-doslari`m, xosh qali`n',
Bu'lbu'l boli`p qoni`p yardi`n' gu'lin'e,
Keter boldi`m, yar-doslari`m, xosh qali`n'.

# 2-BAP. «G’A’RİP AShIQ» DA’STANININ’ OBRAZLAR DU’ZİMİ

## 2.1. «G’a’rip ashi`q» da’stani`nda unamli` obrazlar du’zimi

Ha’r bir ko’rkem a’debiy do’retpe ideyasi`ni`n’ ju’zege keliwi sol shi`g’armadag’i` jasalg’an ko’rkem obrazlardi`n’ si`pati`nan, wolardi`n’ wo’mir shi`nli`g’i`na muwapi`qli`g’i`nan g’a’rezli boladi`, desek qa’telespeymiz. Obraz jazba realist a’debiyatta da, xali`q awi`zsheki do’retpelerinde de kn’rkem shi`g’armadag’i` waqi`yani`n’ rawajlandi`ri`wshi`si` ha’m tikkeley qatnasi`wshi`si` boli`wi` mu’mkin. Yag’ni`y, obraz – ko’rkem wo’ner ha’m a’debiyatti` turmi`sti` wo’zine ta’n ko’rkem formada sa’wlelendiriwshi ayqi`n ko’rinis ha’m xarakterler 3 at, ha’diyse ha’m insanni`n’ qatan’ jag’daydag’i` xarakterli halati`, is – ha’reketi, kewil – keypiyati` ha’m wo’zine ta’n ayi`rmashi`li`g’i`n ani`q ko’rsetiwshi obrazlar ha’r qi`yli`: adam obrazlari`, personajlar, tipler, ta’biyat obrazlari` (peyzaj) ha’m so’z obrazlari` si`yaqli`lar.

Demek, a’debiy obraz adamlar ha’m ha’diyselerge ta’n xarakterli tiplik belgilerdi konkret, individuallasi`tri`lg’an formada uli`wmalasti`ri`wdan ibarat.

Jazi`wshi`, obrazlar arqali` turmi`sti`n’ belgili ta’repin sa’wlelendirip, turmi`s ha’diyseleri u’stinlik hu’kim shi`g’ardi`. Wol adamlar obrazi`ni`n’ wo’z-ara baylani`si`n, gu’resin sa’wlelendiriw arqali` tu’rli sharayatlardag’i` adamlardi`n’ socialli`q minezin ha’m ta’biyat ha’diyselerine qatnasi`n ashi`p beredi. Kitap woqi`wshi`lari`nda da usi`nday sezim ha’m keypiyat tuwdi`radi`[30].

Usi` wori`nda soni` da ayti`p wo’tiw kerek, bul ani`qlama tiykari`nan, jazba realistlik a’debiyattag’i` obrazlardi` si`pati`lawg’a qarati`lg’an.

---

[30] Ҳамидов Ҳ, Абдуллаев Ш, Ибраҳимова С, Адабиётшунослик терминлари луғати, иккинчи нашриёти, Тошкент: «Ўқитувчи», 1970, 138-бет.

Al, awi`zeki xali`q do’retpelerindegi obraz ha’m woni`n’ jasali`w jollari` realist jazba (avtorli`q) a’debiyattan biraz wo’zgeshelenedi. Sebebi, awi`zeki xali`q dkretpeleri a’sirden - a’sirge wo’tiw processinde do’retpenin’ mazmuni`, syujetlik ha’m kompoziciyali`q quri`li`si`, ko’rkem poetikali`q da’rejege wo’zgerip woti`radi`. «G’a’rip ashi`q» da’stani`nda obrazlardi`n’ jasali`wi` folklorli`q su’wretlew arqali` a’melge asi`ri`lg’an desek duri`s boladi`. Yag’ni`y, obraz – folklorda, a’debiyatta, turmi`s haqi`yqatli`g’i`n ko’rkem tu’rde su’wretlew ushi`n taqlag’an adam xarakteri, personajlar obraz arqali` ji`raw yaki baqsi` (yaki jazi`wshi`) so’z yetip woti`rg’an da’wirdin’ wo’zine ta’n belgisin, a’hmiyetli ma’selelerin juwmaqlasti`ri`p beredi. Folklorda obraz ko’pshiliktin’ qabi`l yetiwine i`layi`qlasi`ti`ri`p do’retiledi. Sonli`qtan folklorda do’retilgen ha’r bir obraz ko’pshiliktin’ woy - a’rmanlari`n, ideali`n ali`p ju’redi. Folklorda obraz arqali` xali`qti`n’ bir da’wirdegi yemes, al bir neshe da’wirdegi turmi`s haqi`yqatli`g’i`na tiyisli belgiler beriwi mu’mkin[31].

Bizin’she, professor S. Axmetov ha’m S. Bahadirovani`n’ bul pikiri duri`sli`qqa sa’ykes keledi. Sebebi, folklorda jeke individual si`pati` jazba a’debiyattag’i` si`yaqli` teren’ tu’rde jarati`lmaydi`, al uli`wma obrazdi`n’ wo’zin qorshag’an wortali`qqa ja’miyet, xali`q ko’z – qarasi`nan kelip shi`g’i`p unamli` ha’m unamsi`z si`patqa bo’linedi. Bunday boli`p bo’liniw obrazdi`n’ xali`qti`n’ ideali`na muwapi`qli`g’i`na qaray aji`raladi`. Al, janrli`q jaqtan obraz lirikali`q, epikali`q ha’m dramali`q boli`p ta jiklenedi[32]. Sonday – aq ko’rkem metodli`q jaqtan realistlik obraz, romantikali`q obraz, miflik obraz, qi`yali`y – fontastikali`q obraz, simvolik obraz, A’psanali`q obraz boli`p aji`rati`ladi`[33].

---

[31] Ахметов С, Баҳадирова С, Фольклорлық терминлердиң қысқаша сөзлиги. Нөкис. «Билим» 1992, 67-68-бетлер.
[32] Ахметов С. әдебияттаныў ьерминлериниң қысқаша сөзлиги, Нөкис, «Қарақалпақстан», 1979.
[33] Бабаев Т. Адабиётшунослик асослари, Тошкент, «Ўзбекистон». 202, 57-б.

Xali`q awi`zeki a’debiyati`ni`n’ yen’ ken’ ha’m wo’mirdi teren’ qamti`ytug’i`n formasi` bolg’an da’stanlardag’i` obraz jasaw ma’selesi boyi`nsha tu’rkmen, qaraqalpaq, wo’zbek ha’m qazaq a’debiyattani`w iliminin’ ilimpazlari` bizge shekemgi da’wirde – aq ilimiy izertlew jumi`slari`n ju’rgizgen.

Da’stanlardag’i` obraz jasawdi`n’ wo’zgesheligi boyi`nsha rus ilimpazlari` V.M. Jirmunskiy ha’m X.T. Zaripovlar to’mendegi sheshimge keledi. «Xali`q romanlari`nda ideal hayal obrazi` bati`rli`g’i` ha’m hayalli`q go’zzalli`g’i` romantikali`q usi`lda toqi`malani`p jasaladi`, biraq socialli`q shi`nli`q penen tikkeley baylani`spaydi`[34], yag’ni`y wolar wo’zbek qaharmanli`q da’stanlari`nda obraz jasawdi`n’ da’stu’riy usi`li`na ayi`ri`qsha di`qqat bo’ledi, wolardag’i` obrazlar tradiciyasi` syujet tiykari`nda jasaladi`», dep juwmaq shi`g’aradi`.

Al, «G’a’rip ashi`q» da’stani`ndag’i` obrazlardi` jasawdi`n’ ko’rkem wo’zgeshelikleri boyi`nsha ilimpaz Wo. Madaev wo’zinin’ ilimiy izertlewinde ken’ wori`n beredi ha’m «g’a’rip ashi`q» da’stani`ni`n’ Xorezm versiyasi`ndag’i` bas obrazlardi`n’ jasali`wi`n ko’rkem metodli`q bag’darda tallap Xali`q «G’a’rip ha’m Shaxsa’nem» obrazlari`n jaratar yeken, aldi`n wolardag’i` ayi`ri`qsha bir qa’siyelerin bo’rttirip su’wretlewge itibar beredi. Wol ha’m bolsa ashi`q-mashi`qlardag’i` haqi`yqi`y si`patlari`ni`n’ bayanlani`wi`na tiykarlanadi`[35], dep juwmaq shi`g’ari`p, bul da’standag’i` qaharman obrazlari` ko’rkem jarati`li`p, mu’mkin yemes da’rejede tasti`yqlaydi`.

Professor Q. Maqsetov bolsa «Wolar bir – birewin si`rtqi` suli`wli`q ushi`n su’ygen yemes, yen’ da’slep ko’zge taslanatug’i`n na’rse - wo’z ideyalari`n Sa’nem g’a’ripti, G’a’rip Sa’nemdi tabadi`. Wolardi` bir – birine

---

[34] Жирмунский В.М, Зарипов Х.Т. Узбексий народный героический эпос, Уфа, 1970, ст. 225.
[35] Мадаев О.А. Хоразм достонлари ва уларнинг ўзига хос хусусиятлари (Кан. дис). Тошкент, ӨзМ.У. китапханасы 1973, 78-б.

jaqi`nlasti`ratug'i`n sabaqlar jan sezimi tarlari`nan qurallang'an. Qi`zi`q jeri, bulardi`n' su'yispenshiliginde turmi`sli`q elementler ayqi`n bayqali`p turadi`»[36] dep «G'a'rip ashi`q» da'stani`ndag'i` G'a'rip ha'm Shaxsa'nem obrazlari`nda real turmi`sli`q shi`nli`qqa say su'wretlengen turgi`sli`q elementler basi`m yekenligin belgilep wo'tedi.

Mine, joqari`g'i`dag'i` ilimiy juwmaqlardan kelip shi`g'i`p, bul izertlewshi ali`mlardi`n' pikirlerin qollap – quwatlawi`mi`z ha'm jumi`si`mi`zdi`n' bul babi`nda «G'a'rip ashi`q» da'stani`ndag'i` obrazlar du'zimin usi` bag'dardan analizlewdi maqset yetemiz.

Biz wo'zimizdin' izertlewimizde a'debiyatshi` ilimpazlardi`n' pikirlerine su'yengen halda «g'a'rip ashi`q» da'stani`n do'reliw negizi boyi`nsha individualli`q tvorchestvoni` iyeleytug'i`n da'stan dep yesaplaymi`z. «Bul da'stan «G'a'rip» atli` ataqli` Tabriz shayi`ri`ni`n' ha'm ji`rshi`si`ni`n' qosi`qlari` tiykari`nda toplang'an. Keyin xali`q arasi`nda awi`zsha taraw processinde da'stan kollektivlik tvorchestvoni`n' jemisi boli`p qaldi`»[37]. «G'a'rip ashi`q» da'stani`ni`n' tu'rkmenshe, qaraqalpaqsha versiyalari`nda basli` obrazlar G'a'rip, Shaxsa'nem, ---------, A'zberxoja, Gu'lnahal, Shaabbaz, Shaxwa'let, Abadan, Gu'ljamal si`yaqli` personadlar arqali` ko'rinedi.

Da'standag'i` bas qaharmanlar G'a'rip ha'm Shaxsa'nem. Do'retpedegi epikali`q syujet, tiykari`nan usi` qaharmanlardi`n', ha'reketine baylani`sli` quri`lg'an. Usi` yeki obraz tiykari`nda da'stanni`n' basli` ideyasi` beriledi, yag'ni`y adamzatqa ta'n bolg'an hasi`l qa'siyetlerdin' biri bolg'an muhabbat uli`g'lanadi`. G'a'rip penen Shaxsa'nemnin' barli`q ku'sh-g'ayrati`, sana-sezimi, aqi`l-oyi` hadal muhabbatqa bag'i`shlanag'an.

G'a'rip wo'z atasi` Ha'sen wazir wo'lgen son' socialli`q jag'dayi` to'menlep, joqshi`li`q ka'mbag'alli`q basi`na tu'sedi, kisi mali`n bag'i`p

---

[36] Мақсетов Қ. ӨзИ.А. Хабаршысы. 1972-ж, №4. 72-73-бетлер.
[37] С. Якупова. Азербайжанское народное сказание. «Ашық Ғәриб». Баку, 1961. 17-бет.

ku’nepledi. Biraq, G’a’rip joqshi`li`q, ayrali`q, jat ju’rtlarda sergizdanli`qti` basi`nan keshirsede wo’z muhabbati`nan bezip ketpeydi, Sa’nem dep jasaydi`, Sa’nem ushi`n shiyrin jani`nan keshiwge de tayar turadi`. Sebebi, wol wo’z wo’mirinin’ mazmuni`n Sa’nemge qosi`li`wda dep biledi. G’a’rip wo’z muhabbati` ushi`n, ar-nami`si` ushi`n qara ku’shlerden qori`qpay gu’resetug’i`n da’wju’rek jigit. Biraq wol qaharmanli`q da’stanlardag’i` bati`rlarday asti`na at minip, u’stine sawi`t kiyip, iynine woq jay asi`p, qoli`na qi`li`sh, nayza ali`p sawash maydani`da gu’respeydi. G’a’rip ju’regin ashi`qlar woti` shalg’an duwtari`nan namasi` to’gilgen tiline a’jayi`p qosi`g’i` to’gilgen hosh hawaz, sazende, wo’nerli jigit. Wol ashi`g’i` Sa’nemdi du’nyadag’i` ha’mme na’rseden de joqari` qoyadi`. Ha’r kimnin’ su’ygen yari` bolsa, soni` yen’ jetiskenlik dep biledi.

Ba'rshenin' muhabbi`n bir alla bersin,
Ha'r ku'n yari` mene woynasi`n ku'lsin,
Ha'r ku'n mu'ta'j bolsa, alsi`n, bay bolsi`n,
Mag'an jar kerekmes, duwtar kerekdur.[38]

G'a'rip ko'p g'ana qi`yi`nshi`li`q jag'daylardi` wo'zinin' sazendelik, goyendelik (qosi`q ayti`w) wo'neri menen jen'ip shi`g'adi`. G'a'rip bati`rli`q da'stani`ndag'i` Alpami`s, Qoblan si`yaaqli` uri`wdi`n', qa'wimnin' yamasa pu'tin bir xali`qti`n' ari`, ma'pi ushi`n gu'respeydi, al wo'zinin' hadal muhabbati` ushi`n, sol muhabbatqa, yag'ni`y su'yiwge su'ygiligin tan'lawg'a bolg'an insani`yli`q huqi`qi` ushi`n ja'n-ta'ni menen gu'resedi. Sonli`qtan da G'a'riptin' qaysi` uri`wdan, ha'tteki qaysi` xali`qtan yekeni ayti`lmaydi`, wog'an uli`wma a'hmiyet berilmeydi. G'a'ripke jol bermeytug'i`n ku'shler barshi`li`q yedi. Biraq G'a'rip barli`q qi`yi`nshi`li`qlarg'a,azaplarg'a tozim beredi, muhabbatqa gu'lli wo'mirin bag'i`shlaydi` ha'm jen'iske yerisedi.

G'a'riptin' shi`n' muhabbati`na Sha'hsenem ila'hiyme qi`z. Wol G'a'ripti barli`q ja'n-ta'ni menen su'yedi. G'iybatkeshlerge, shug'i`llarg'a aqi`l-parasat penen shi`dam beredi. Sha'xsa'nem ushi`n yen' joqari` maqset – G'a'ripke qosi`li`w muhabbatti`n' u'stinligine yerisiw. Shi`n muhabbat socialli`q ten'sizlikti, rassali`q yamasa milliy ayi`rmashi`li`qti` moyi`nlamaydi`. Woni`n' moyi`nlambaytuqi`ni` haqi`qi`y ju'rek sezimleri, sol sezimlerge sadi`qli`q wopadarli`q g'ana, basqa ma'seleler su'yiskenler ushi`n yekinshi da'rejeli boli`p yesaplanadi`. Sa'nemde usi` qa'siyetlerdin' ba'ri bar. Woni` bayli`q ma'rtebe qi`zi`qti`rmaydi`. Sonli`qtanda wol socialli`q jaqtan wo'zinen a'lle qayda to'men, ka'mbag'al G'a'ripti shi`n kewlinen su'yedi, wog'an sadi`q boladi`. Wol ko'p jerlerde G'a'rip ushi`n, yag'ni`y wo'z muhabbati` ushi`n jeke basi`n qa'wip-qa'terge tigedi, ayrali`q

[38] Ғәрип ашық

azaplari`na shi`dam beredi, u'mit woti`n so'ndirmeydisu'ygen yari`n uzaq ji`llar ku'tedi.

Ha'r bir wo'tken ku'nim bir ji`lday keshti,
Ku'nnen ku'nge hali`m jamang'a tu'sti,
Mudan matan menen ku'nlerim keshti,
Bir ku'n shax bolmadi`m sen yar ketkeli.[39]

Bul qatarlarda yari`nan ayra tu'sip, sag'i`ni`sh qursawi`nda qosi`lg'an Sa'nemnin' ju'rek da'rtleri beriledi.

G'a'rip ha'm Shaxsa'nem obrazi`ni`n' go'zzalli`g'i` sonnan ibarat, wolardi`n' ishki du'nyasi` go'zzalli`qqa, ju'rekleri sap muhabbatti`n' moldir sezimlerine toli`. Wolardi`n' muhabbat joli`ndag'i` ko'rgen ko'rimleri, is-ha'reketleri adam huqi`qi`n ayaq asti` yetetug'i`n, shirip ketken worta a'sirlik feodalli`q ta'rtiplerge, da'stu'rlerge qarsi` gu'restin' sa'wleleniwi boli`p tabi`ladi`. Muhabbat – bul joqari`da ayti`lg'ani`nday socialli`q ten'sizlikti, milliy ayi`rmashi`li`qti`, ma'mleket shegaralardi` moyi`nlamaytug'i`n uli`wma insani`yli`q paziletlerdin' biri. "G'a'rip ashi`q" da'stani` gumanistlik ideyalarg'a toli` dep ayti`wi`mzdi`n' ma'nisi de usi`nda.

Da'standa G'a'rip ha'm Shasenem obrazi`ntoli`qti`ri`wg'a ja'rdem beretug'i`n obrazlar bar.

## 2.2 Unamsi`z obrazlar du'zimi.

Da'standanda unamli` obrazlar menen birge unamsi`z obrazlarda ushi`rasadi`. Mi`sali`, Shaabbaz patsha su'yiskenlerge qarsi` qara ku'shlerdin' simvoli`. Wol socialli`q jag'dayi` to'men, wo'zinin' ten'i yemes G'a'ripke Shasenemdi beriwge nami`slani`p, G'a'ripti u'zliksiz quwdalaydi`. Shaabbaz – yeski fiodalli`q ta'rtiplerdin', go'nergen da'stu'rlerdin' qorg'awshi`si`. Woni`n' ushi`n muhabbat sezimleri jalg'an, tu'sinkisiz na'rseler. Woni`n' tu'siniginde jaslardi` nekelew materialli`q, ekonomikali`q

[39] Ғәрип ашық, Нөкис "Қарақалпақстан"1985

jaqtan paydali` boli`wi` kerek. Shaabbaz jeke basi`ni`n’ g’ami`n woylap, taji`-taqti`n’ bekkemlew ushi`n qi`zi` Shasenemdi woni`n’ i`qti`yari`na qaramay patsha Shahwaletke bermekshi boladi`. Biraq woni`n’ bul niyeti iske aspaydi`, su’yisken G’a’rip ha’m Shasenem wo’zlerinin’ muhabbati`na sadi`qli`qg’i`, da’w ju’rekliligi menen jen’ip shi`g’adi`.

Patsha Shahwa’let obrazi`ni`n’ ha’m unamsi`z ha’m unamli` ta’repleri bar. Unamsi`z ta’repleri sonnan ibarat, wol da’slep G’a’rip penen Shasenemnin’ muhabbati`n moyi`nlamaydi`, G’a’ripti yel gezip ju’rgen sayaq, diywana dep qabi`llaydi`. Shasenemnin’ gezende G’a’ripti su’yetug’i`ni`na isenbeydi. Wol G’a’ripti mi`sqi`llap “Ko’shkinin’ asti`na bari`p bir yeki awi`z so’z ayt. Yeger Shasenem qa’lese, men sag’an berip jaqsi`li`q yetemen”, - dedi. Shahwa’lettin’ kewlinde: “Menin’dey patshazada woni` almaqshi` bolg’anda, bunday bir ka’mbag’aldi` ne qi`lsi`n” degen woy boladi`. G’a’rip bir neshe qosi`qlar aytadi`. Shasenem G’a’riptin’ u’stine ba’lent ko’shkiden taslaydi`. Pirlerdin’ qollahi` menen yeki ashi`q aman-esen qawi`sadi`. Buni` ko’rgen Shahwa’let kewlindegi menmenlik pikirden qayti`p, yeki ashi`qti`n’ muhabbati`na ta’n beredi. Muhabbat degennin’ ulli`g’i`g’i`n, woni` ha’r qanday qara ku’shler jen’e almaytug’i`ni`n tu’sinip jetedi. Wol ma’rtlik yetip so’zinde turadi` ha’m wo’zinin’ shaw-shuwli` toyi`n G’a’rip penen Shasenemnin’ toyi` dep dag’azalaydi`. Bul epizotlar woni`n’ obrazi`ni`n’ unamli` ta’replerin ko’rsetip turadi`.

Babaxan obrazi` unamsi`z obrazlar qatari`na kiredi. Unamsi`z ta’repleri sonnan ibarat, Shasenem, Babaxan shati`r degen sawdagerdi wo’zinin’ jaqi`n adami` dep yesaplaytug’i`n yedi. Wol su’yikli yari` G’a’ripti Babaxan shati`r mene A’lepshirwang’a bari`p izlep qayti`w ushi`n a’kesi Shaabbazdan ruxsat ali`p jolg’a tu’sedi. Jolda Babaxan shati`rdi`n’ qi`yali` buzi`li`p Shasenemdi basqa bir jurtqa ali`p bari`p, wo’zine qati`nli`qqa almaqshi` boladi`. Biraq

Shasenem Babaxan shati`rdi` ha’wizde uwlap wo’ltirip, bul du’nyani`n’ biyopali`g’i`na qarap zar-zar ji`lap, ashi`g’i` G’a’ripti izlep ketedi.

## 2.3. Basqada ha’r qi`yli` obrazlar

Da’standa joqari`da ayti`p wo’tken obrazlardan basqa G’a’rip penen Shasenemnin’ obrazlari`n ha’r ta’repleme toli`qti`ri`wg’a, syujetti qi`zi`qli` yetiwge ko’megin tiygizetug’i`n yekinshi da’rejeli personajlarda bar. Wolardan, bag’man baba obrazi` yeki ashi`qti`n’ ayrali`qtan keyin qayta ushi`rasi`wi` ushi`n xi`zmet yetedi.

G’a’rip anasi` ha’m qari`ndasi` menen qushaqlasi`p, ji`lasi`p xoshlasadi` ha’m birneshe ma’nzil jol jo’rip, Shasenemnin’ bag’i`na keledi. Bag’di`n’ ishine kirip kelgende, bir bag’man baba gu’llerdi seyil yetip ju’rgenin ko’redi. Baba wog’an:

- Ha’y uli`m, bul bag’qa qus kelse qanati`, qulan kirse tuyag’i` ku’yedi, jani`n’nan qori`qpay, bul jerge neg keldin’? –dedi.

**G’a’rip:**

-“Menin’ belgili baratug’i`n jerim joq, jetim balaman. Ulsi`zg’a – ul boli`p, ju’reyin degen ki`yali`m bar”, - dep babag’a bala boli`p, jumi`slari`na ja’rdemlesip, bag’di`n’ na’llerin ta’rbiya qi`li`p ju’re berdi. Bir ku’nleri G’a’rip baqqa kelip ashi`lg’an gu’llerden terip bir sha’men bayladi`. Sol sha’mennin’ ishine wo’z hal-awhali`n bayan yetetug’i`n qosi`qti` qosi`p bayladi` sol waqi`tta bag’man kirip keldi. G’a’ripke ko’zi tu’sti. G’a’rip sha’mendi taslap qashti`. Bag’man kelip ko’rse, wo’zinin’ baylag’an sha’meninende jaqsi` yetip baylag’an yeken. Bag’manni`n’ wo’zide ja’ne bir neshe sha’men baylap, G’a’riptin’ sha’menleri menen qosi`p, Shasa’nemnin’ aldi`na ali`p bardi`. Shasenem sha’menlerdin’ ishinen ayri`qsha jaqsi` bir sha’mendi ko’redi ha’m babadan bul sha’mendi kim baylag’ani`n sorap bilip aldi` da, “Yendi sha’menlerdi usi`nday yetip baylap kel,” – dep babag’a ji`lwa menen xoshamet beredi. Baba bul yetken xoshametti “Shasenem mag’an ashi`q yeken” – dep tu’sinip baba ko’terin’kilik penen Shasenemge bir qosi`q aytadi`, bug’an Shasenemnin’ si`rlasi`, qi`si`lg’anda ken’es

beretug’i`n aqi`lgo’yi. Wol yeki ashi`qti`n’ tabi`ssi`wi`n, ta’g’dirlerinin’ bir-birine qosi`li`wi`n ko’p ja’rdem beredi, wolarg’a tilekles boladi`.

Azberxoja obrazi` G’a’rip A’lepshirwang’a kelip ha’r ta’repke qarap “bul qalada Aqshani`n’ yari` – Azberxoja ko’zine tu’spespe yeken?” – dep woti`rdi` tap sol waqi`tta Aqshani` izlep, Diyarba’kir ju’rti`na ketpek boli`p turg’an Azberxojag’a joli`qti`.

Sol jerde hal awhal sorasi`p boli`p:

- Shasenemge mennen sa’lem ayt, hal-awhali`nda bayan yet, - dep, Azberxojag’a tapsi`radi` Azberxoja G’a’rip penen xoshlasi`p, Diyarba’kirge ju’rip ketti. Neshshe ku’nlik jol ju’rip Diyarba’kirge jetip keledi. Wol sawdager tu’rinde Sa’nemnin’ ko’shkisinin’ asti`na kelip, tu’rli zatlardi`n shi`g’ari`p, sawda yetken kisi boli`p woti`ra berdi. Shasenem menen Ag’sha neni tani`r, wolar mennen xabar alar,-dep woti`ri`p yedi.  Bir waqi`tlari` Shasenem menen Aqsha ko’shkinin’ u’stinen qarasa. Bir adam du’kan ashi`p woti`ri`pti`. Shasenem, Azbekxoja yekenin tani`p, Aqshag’a yari`ni`n’ kelgenligin aytadi`. So’ytip, qa’nizek qi`zlari`ni`n’ birewin jiberip, Azberxojani` shaqi`rtti`. Aqshani` bir jayg’a jasi`ri`p qoydi`. Azberxoja, Shasenemnin’ shaqi`rg’ani`na kelmedi.

**Azberxoja:**

- Men muradi`na jete almaytug’i`n qusayman, - dep qori`qti`.

**Qa’nizek:**

- Shasenemnin’ qasi`na heshkim bara almaydi`, yeger barmasan’ seni adam jiberip, qol:ayag’i`n’di` baylati`p aldi`radi`. Wonnanda menin’ menen ju’rgenin’ jaqsi`, - dedi. Wonnan son’ Azberxoja qa’nizek penen Shasenemge keldi.

- Nege du’kandi` bazarg’a ashi`p, zatlari`n’di` satpaysan’, degendi para qi`ldi`raman! – dedi. Sol waqi`tta Azberxoja Shasenemge i`rasi`n aytadi`.

Sonnan keyin “senin’ gu’nan’di keshtim A’lepshi`rwanda G’a’ripti” ko’rmedin’be? –dep soraydi`.

Azberxoja ko’rgen bilgenin bayan yetip G’a’riptin’ saw-salamat ju’rgenin, jollag’an sa’lemin aytadi`. Keyinen Aqsha menen tabi`si`p, yeki ashi`q Aqsha turg’an jayg’a ketedi. Bul epizotlar woni`n’ obrazni`n’ unamli` ta’replerin ko’rsetip turadi`.

Al da’standag’i` mifologiyali`q obrazlarg’a na’zer awdaratug’i`n bolsaq. Da’standa ha’ziretia’liy obrazi` mi`sal bola aladi`.

G’a’rip jolda ketip barati`rsa aldi`nan bir atli` shi`g’i`p, ati`na mindirip, ko’z ashi`p jumg’ansha Diyarba’kirge jetkerdi. Wol atli` G’a’ripke:

- Ha’y balam! Bul atti`n’ izzinin’ topi`rag’i`nan, soqi`r bolg’an adamni`n’ ko’zine su’rtse dwa boladi`, - deydi de, ko’zden g’ayi`p boladi`. Wol ha’ziretia’liy Shahinardanni`n’ ruwxi` yedi.

Da’stanni`n’ son’i`nda usi` topi`raqti` G’a’rip anasi` ha’m qari`ndasi`ni`n’ ko’zine su’rtip ko’zlerin ashi`p, barli`q qara ku’shlerdin’ u’stinen jen’iske yerisip, Shasenemge qosi`li`p baxi`tli` boladi`.

**Juwmaq**

"G'a'rip ashi`q" da'stani` ashi`qli`q da'stanlardi`n' arasi`nda xali`qqa ko'birek sin'ip ketken, ashi`qlardi`n' psixologiyali`q ruwxi`n teren' su'wretlep bere alg'an shi`g'armalardi`n' biri.

"G'a'rip ashi`q" qaraqalpaq baqsi`lari`ni`n' repertuari`nan ken'nen wori`n alg'an boli`p, bul da'standi` bilmeytug'i`n baqsi`ni`n' wo'zi bolmag'an. Usi` tiykarda qaraqalpaq xalqi` arasi`nda ken'nen taralg'an "yardi`n' gu'li keldi, wo'zi kelmedi", "uli`ma uqsaydi` hawazi`n' senin'", "Jan ag'an qayda barasan'", "Xoja bag'man", "Sa'nemjan" "Keler solmana-sollana" h.t.b. xali`q namalari` payda boldi`. Bul namalar yelege shekem baqsi`lar ta'repinen wog'ada sheberlik penen atqari`ladi`.

Da'stanni`q yekinshi ta'repi sol waqi`ttag'i` adamlar a'rmanlari`na qarama-qarsi` bolg'an feodlizmnin' shirin si`pati`nda keskin a'shkaralawg'a qarati`lg'an. Adamgershilikten go're du'nyamaldi` u'stin qoyg'an, adamlardi` jarli` ha'm baylar dep yekige bo'lgen, sonday-aq jarli`lar u'stinen bolg'an adam shi`damasli`q u'stemlikler G'a'rip obrazi` arqali` ayqi`n su'wretlenedi. Da'standa ko'rsetilgendey – aq bayli`q arti`ri`wshi` adamlar belgili bir waqi`t ushi`n g'ana jasaydi`. Birewdin' jaqsi`li`g'i`nan, danali`g'i`nan paydalanadi`. Wol adam wo'liwi menen, az waqi`t wo'tkennen keyin, wonnan bezedi, perzentlerin qorlaydi`. Birin-biri jaqsi` ko'rsede qi`zi`n wog'an beriwdi ar ko'redi.

Bulardi`n' ha'mmeside de bir-birewge ja'rdem beriwden ko're, kemsitip minewge ta'pershi, yag'ni`y birewden kek ali`wdi`i` g'ana jaqsi` ko'retug'i`n sol a'dalatsi`z zamanni`n' kelbeti.

Usi`nday jag'dayda da da'stan xali`q ta'repide turi`p ji`rlanadi`. Xan ha'm woni`n' a'meldarlari`ni`n' siyasati`n a'shkarlaydi`. Wolardi`n' moralli`q ideyalari`ni`n' buzi`qli`g'i`n, wo'z perzentinen ko're du'nya malg'a

beyimligin, adamgershiliktin’ normalari`na sa’ykes kelmeytug’i`n qi`lwalari`n a’shkaralaydi`.

Soni`n’ ushi`nda xali`q da’stanlari` xali`qti`n’ ashi`qli`q penen bati`rli`q, a’dalat joli`ndag’i` gu’res yen’ basli` wori`ng’a ko’teriledi.

Bul folklor menen a’debiyatti` biriktiriwshi sintez boli`p xi`zmet yetedi.

Qaraqalpaq da’stanlari` bir neshe a’sir wo’mir su’riw na’tiyjesinde ko’p g’ana ji`rawlardi`, ko’p waqi`yalardi` atqari`wshi`lardan bizge jetip kelgen alti`n miras boli`p uzaq da’wirler dawami`nda bolg’an waqi`yalardi` qurallari`nan paydalani`w qusag’an da’stu’riy si`patlawlardi` ji`rawdi`n’ jeke wo’zgesheliginen baylani`sli` u’yrenemiz.

Biz bul jumi`si`mi`zda ashi`qli`q da’stanlardi`n’ biri bolg’an “G’a’rip ashi`q” ja’stani`ni`n’ janrli`q wo’zgeshiligine, u’yreniliw tariyxi`na, obrazlar du’zimine di`qqat awdardi`q. Kirisiw bo’liminde da’stanni`n’ ji`ynali`w, izertleniwi, basi`li`p shi`g’i`wi` haqqi`nda so’z yetiw menen birge “G’a’rip ashi`q” da’stani` qaraqalpaq xalqi`ni`n’ alti`n miyraslari`nan biri yekenligi. Woni`n’ ruwxi`y turmi`si`mi`zdag’i` a’hmiyetine di`qqat awdardi`q.

Birinshi bapta “G’a’rip ashi`q” da’stani` haqqi`nda ilimiy mag’li`wmatlar ha’m woni`n’ janrli`q wo’zgeshelikleri haqqi`nda so’z yettik. Bunda da’stanni`n’ u’yreniliw tariyxi`na ko’z jiberip, jazi`p ali`ni`wi`, basi`p shi`g’ari`li`wi`, wol haqqi`nda miynetlerge sholi`w jasadi`q.

Al yekinshi babi`nda bolsi`, “G’a’rip ashi`q” da’stanni`n’ obrazlar du’zimine di`qqati`mi`zdi` awdardi`q. Wonda unamli` obrazlar G’a’rip, Shasenem obrazlari`na qari`ndasi`, anasi`, Shahwa’let obrazlari`na h.t.basqa da obrazlarg’a qi`sqasha toqtap wo’tip mag’li`wmatlar berip wo’ttik. Unamsi`z obrazlarg’a Shaabbaz, Babaxan obrazlari`n kirittik. Al,mifologiyali`q obrazg’a Ha’zireti a’liy obrazi`n mi`sal yetip aldi`q. Yekinshi da’rejeli ha’r qi`yli` social topar wa’killerinin’ obrazlari`na,

bag’man baba, A’zberxoja,Aqsha apa qusag’an obrazlardi` mi`sal yetip aldi`q. Soni`n’ menen joqari`da ayti`lg’anlardi` juwmaqlap kelip “G’a’rip ashi`q” da’stani` xalqi`mi`zdi`n’ social turmi`sli`q jag’daylari`n, sol da’wirdegi ashi`qlardi`n’ ta’g’diri haqqi`nda so’z yetetug’i`n shi`g’arma dep qaraymi`z.

## Paydalani`lg'an a'debiyatlar.

1. Karimov İ.A Joqar ma'nawiyat – jen'ilmes ku'sh. Toshkent. "Ma'nawiyat" 2008,4-b
2. Abdullaev O'. A'debiyat teoriyasi`ni`n' esoslari` Ashqabat, "Manaraf" 1985
3. Agodjonov O'. Ocherki istorii oguzov i turkmen sredney Azii IX-XIII vv. Ashgabad, 1969
4. Ayi`mbetoa Q. Qaraqalpaq folklori`, No'kis, "Qaraqalpaqstan" 1977
5. Ayi`mbetov Q. Xali`q danali`g'i`, No'kis, "Qaraqalpaqstan" 1988
6. Alimov A. Qaraqalpaq liro-epikali`q da'stanlari`, No'kis, "Qaraqalpaqstan" 1983.
7. Axmetov S. Bahadirova S. Folklorli`q terminlerdin' qi`sqasha so'zligi, No'kis, "Bilim" 1992.
8. Axmetov S. Esenov J. Ja'rimbetov Q. A'debiyattani`w atamalari`ni`n' ori`ssha-qaraqalpaqsha tu'sindirme so'zligi. No'kis, "Bilim" 1994.
9. Babaev T. Adabiyatshunoslik asoslari, Toshkent "Wzbekston" 2002.
10. Jirmunskiy V.M. Zoripov X.T. Wzbekskiy geroieskeiy epos, Moskva, gixl, 1947.
11. Karogli` X.G. "Shasenem i Garip" narodni`y da'stan, Moskva 1955
12. Madoev O, Xorezm dastanlari va ularning uziga xos xususiyatlari, kan.dis. Tosh, 1973.
13. Maqsetov Q.M. Qaraqalpaq follori`ni`n' estetikasi`, No'kis, "Qaraqalpaqstan" 1971.
14. Maqsetov Q.M. Qaraqalpaq folklori`, No'kis ma'mleketlik Universitet ushi`n sabaqli`q No'kis, "Qaraqalpaqstan" 1979.
15. Maqsetov Q.N. Qaraqalpaq ji`raw baqsi`lari`, No'kis, "Qaraqalpaqstan" 1983.

16. Maqsetov Q.N. Qaraqalpaq xalqi`ni`n’ ko’rkem awi`zeki do’retpeleri No’kis,
«Bilim», 1996.
17. Muravev .. Puteshestvie v Turkmeniyu i ivu 1819-1920-godax. Moskva 1822
18. Sag’itov İ. A’debiyat ha’m folklor. o’kis 1983
19. Ja’rimbetov Q. Qaraqalpaq a’debiyati`. Ka’sip o’ner kolledjleri oqi`wshi`lari` ushi`n sabaqli`q. No’kis, «Bilim», 2006
20. Ja’rimbetov Q. XICX a’sirdegi qaraqalpaq lirikasi`ni`n’ janrli`q qa’siyetleri ha’m rawajlani`w turiyxi`. No’kis, 2006.
21. Ta’jimuratov A, Myaqtitov Q.M. Qaraqalpaq folklori`, Universitet ushi`n sabaqli`q, No’kis «Qaraqalpaqstan», 1979
22. Tolstov S.P. Po sledam derevno Xorezmkiy tsivilizatsii, Moskva 1948.
23. Hamidov . X. Shi`g’i`s tillerindegi jazba derekler. No’kis, «Bilim» 1991
24. Shukurov N. Tu’rmen folklori`nda xalqi`n -------------------- sho’lkemldesiwi, Ashqabad. «Ili`m», 1979.
25. Yakupova S. «Azerbayjanskoy narodnoe skazaniya» «Ashi`q G’a’rip» A.N.
«Baku» 1968.
26. Qaraqalpaq folklori` «G’a’rip ashi`q» No’kis, 1980.